ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№131 (25.037) • 2026 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 31, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

Щіалэгъуалэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ зэрадэлэжьэнур яубзыху



Къэбэрдей-Балъкъэр къулыкъущІэхэм папщІэ, «Машук» щІэныгъэ центрым мы махуэхэм щокІуэкІ щІыналъэхэм зэдай семинар-совещанэ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек а хъыбарымкІэ и интернет напэкІуэцІым и щІэджыкІакІуэхэм щадэгуэшащ.

«СТРАТЕГИЯ устойчивости» программэм КъБР-м и министерствэхэмрэ муниципалитетхэмрэ, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм, щэн-щэхуэным емыпха Іуэхущіапіэхэм, медиа, пресс-Іуэхущіапіэхэм я лІыкІуэ 70-м щІигъу зэхуишэсащ. Ахэр тепсэлъыхьынущ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ интернетыр шынагъуэншэу къагъэсэбэпыным, ахэр гъэсэным, къэралым и цІыхум къытехуэ къалэнхэр къагурыІуэным сэбэп хуэхъуну бгъэдыхьэкІэхэм.

Зэманым и щытыкІэм елъытауэ, щІалэгъуалэм епсэлъэн зэрыхуей щІыкІэмкІэ зочэнджэщ семинарым хэтхэр, ущиякІуэм гу зылъитапхъэхэм я гугъу ящІ, унафэр зыІэщІэлъхэр щэн-щэхуэным пымыщІа Іуэхущіапіэхэмрэ медиа Іэщіагъэлхэмрэ ядэлэжьэн зэрыхуей щІыкІэм зэгъусэу йогупсыс. Гулъытэ щхьэхуэ хуащІ щІыналъэм щызекІуэ лъэпкъхэм къадекІуэкІ щэнхабзэхэр щІалэгъуалэм щадэлажьэкІэ къэбгъэщхьэпэ зэрыхъуну Іэмалхэм.

Программэм ипкъ иткІэ, утыку кърахьа проектхэм къыхахынущ егъэджэныгъэм епхауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ Іуэхущіапіэхэм, щІалэгъуалэ центрхэм, жылагъуэ зэхуэсыпІэхэм дяпэкІэ къыщагъэсэбэп хъуну хэкІыпІэхэр.

Дэфтэр нэхъыщхьэм хэплъэн щІадзэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ и унафэм щІэту хабзэубзыху Іуэхущіапіэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр екІуэкІащ. Абы депутатхэр щыхэплъащ Іуэху тІощІым щІигъум.



НЭХЪЫЩХЬЭХЭМ ящыщщ «КъБР-м и бюджетыр 2027 гъэм, 2028 - 2029 гъэхэм ятещІыхьауэ» КъБР-м и законым и проектыр. БюджетымкІэ, налогхэмрэ финанс Іуэхухэмкіэ комитетым и унафэщІ Афэщіагъуэ Михаил жиІащ къагъэлъэгъуа дэфтэрхэр УФ-м и Бюджет кодексымрэ «КъБР-м и бюджет ухуэкІэм теухуауэ» щІыналъэ законымрэ къагъэувхэм тету зэрызэхагъэувар.


Хабзэубзыху Іуэхущіапіэм и комитетхэм зэрагъэбелджылам тету, дэфтэр нэхъыщхьэм республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хэплъэнущ, иужькІэ абы теухуауэ цІыхубэ едэІуэныгъэхэр екІуэкІынущ. Законопроектым и япэ еджэгъуэр мы гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм Парламентым къищтэнущ. ЯпэщІыкІэ депутатхэм къагъэнэІуэнущ бюджетым и Іыхьэ нэхъыщхьэхэр, етІуанэ еджэгъуэм зыщыхуагъэхьэзыркІэ, щІыналъэм и хэхъуэхэмрэ къигъэсэбэпыну зыхуеинухэмрэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьынущ.

ЗэІущІэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2026 гъэмрэ 2027, 2028 гъэхэмрэ ятещІыхьауэ» КъБР-м и законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэубзыху актхэм я Іыхьэ щхьэхуэхэм я лэжьыгъэр къызэтегъэувыІэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2027 гъэм зэрагъэзэщІэнум хэлъ щхьэхуэныгъэхэр гъэбелджылыным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектымрэ.

Депутатхэр зыхэплъахэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административно-щІыналъэ ухуэкІэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ муниципальнэ щІыналъэхэм я статусымрэ гъунапкъэхэмрэ я Іуэхукіэ» КъБР-м и Законымрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щІыпІэ унафэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Джатэ Руслан зэрыжиІамкІэ, законопроектыр Май муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ и Советым игъэхьэзыращ, Котляревскэ жылагъуэм хыхьэ «Гъущі гъуэгу будкэ 612-нэ км» жыхуиІэр зэрагъэпэщыжыну Іэмал зэрыщымыІэм къыхэкІыу гъэкІуэдыжыным хуэунэтІауэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



Налшык зыгъэдахэр фщІэрэ?

2-нэ нап.



Илъэс 82-кІэ гъуэгу тета хъыбар

4-нэ нап.



11-нэ нап.



Амырхъан и зэфІэкІхэр

12-нэ нап.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

Дэфтэр нэхъыщхьэм хэплъэн щIадзэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «ЦIыхухэм я узыншагъэр тутын Iугъуэм, тутын зэрефэм е никотин зыхэлъхэр къызэрагъэсэбэпым щыхъумэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат жиIащ «Урысей Федерацэм и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон №186-ФЗ-р къызэращтам къыхэкIыу законопроектыр зэрагъэхьэзырар. Абы ипкъ иткlэ, УФ-м и щIыналъэхэм Iэмал ягъуэт тыкуэнхэм электрон тутынхэр, вейпхэр, апхуэдэ нэгъуэщI Iэмэпсымэхэмрэ абыхэм иракIэхэмрэ илъэситхукIэ щащэну хуимыту ягъэувыну.

- Зи гугъу тщIы Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм я узыншагъэр хъумэным хуэунэтIауэ законопроектым къегъэув: тутын, никотин зыхэлъхэр зэращэм ехьэлIауэ Правительствэмрэ Парламентымрэ я пщэрылъхэр убзыхуныр, лицензэ етынымрэ апхуэдэ зиIэхэм якIэлъыплъынымрэ, тутынрэ никотин зыхэлъхэмрэ щащэ щIыпIэхэр федеральнэ законым зэригъэува щIыкIэм тету гъэмэщIэныр, 2027 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2032 гъэм гъатхэпэм и 1 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым вейпхэр, электрон тутынхэмрэ абыхэм иракIэхэмрэ тыкуэнхэм ирамыгъэщэныр. Абы ебакъуэхэм щIыпIэ хабзэхэмкIэ къуэды хуатхынущ, - къыхигъэщащ Къалмыкъым.

Комитетым и унафэщIым дыщIигъуащ КъБР-м и Парламентым и Президиумыр зыхэплъауэ щыта «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административнэ хабзэхэр къызэпызыудхэмкIэ и Кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым щIыгъуу иужьрей законым и проектыр зэрагъэхьэзырар.

Депутатхэр зытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Урысей Федерацэм и хабзэубзыху акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон № 275-ФЗ-р къызэращтам къыхэкIыу ягъэхьэзыра «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лъы тыным и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 5-нэ Iыхьэмрэ 6-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэмрэ къару ямыIэжу къэлъытэным и Iуэхукlэ» республикэ законопроектыр.

Законхэм я проектхэм къыпэджэжын, апхуэдэуи зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэн папщIэ Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэхэм хуагъэхьащ. Абыхэм елэжьыжа нэужь, республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ1апIэм и зэIущIэм щыхэплъэнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законхэм я проектхэм, УФ-м и щIыналъэхэм къабгъэдэкI жэрдэмхэм, УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ, Унагъуэ, Налог кодексхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.



«Iуащхьэмахуэ» нэхъыфIхэм хабжэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Iуащхьэмахуэ» курортыр «Спорт турист комплекс нэхъыфI» унэтIыныгъэм къыщыхэжаныкIащ икIи SKI BUSINESS AWARD бгы-лыжэ саугъэтыр къихьащ. ТекIуахэр щагъэлъапIэ зэIущIэр Москва щекIуэкIащ, туризмэм нэхъ зыщиужь щIыналъэхэм ятеухуа форумым хэту.

САУГЪЭТЫР и щыхьэтщ «Iуащхьэмахуэ» курортыр бгылыжэхэмкIэ, сноубордымкIэ, фрирайдымкIэ, фристайлымкIэ, ски-альпинизмэмкIэ, скайраннингымкIэ зыгъэсэныгъэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ гъэм и кIыхьагъкIэ щебгъэкIуэкI хъуну щIыпIэ нэхъыфIхэм зэращыщым.

Хабзэ хъуауэ мыбдеж щрагъэкIуэкI «FWT Qualifier»-м и урысей Iыхьэр, фрирайдымкIэ Урысейм и Кубокыр, «Iуащхьэмахуэ и саугъэт» урысейпсо зэхьэзэхуэр, апхуэдэу «Red Fox Elbrus Race», «Alpindustria Elbrus Race», «Урысейм и къырхэр» спорт фестивалхэр.

Курортым и щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэу къалъытэр метр 3800 - 4000-рэ зи лъагагъ Гарабаши мылылъэм зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну Iэмал зэрыщыIэрщ. Ахэр шыщхьэуIу пщIондэ йокIуэкI.

Илъэс къэс «Iуащхьэмахуэ» Урысейм и щIыналъэ 30-мрэ хамэ къэрал зыбжанэмрэ къикIыурэ къыхуоблагъэ бгым лыжэкIэ къежэх спортмен мин 15-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр **Дроздов Игорь Пётр и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



Налшык зыгъэдахэр фщIэрэ?

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказым и курыхщ» жыIэгъуэм къегъэлъагъуэ ди щIыналъэм и купщIэр: **мыбдеж щIыуэпс уардэр, тхыдэ къулеймрэ щэнхабзэмрэ щызэдокIу. Мы махуэхэм абы и щыхьэрыр щIобэн «Урысейм и щIалэгъуалэ къалащхьэ-2027» фIэщыгъэр къэхьыным**.

УРЫСЕЙПСО зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм пхыкIа къалипщIым ар ящыщ хъуащ. Налшык щIыгъущ Архангельск, Великий Новгород, Иваново, Краснодар, Мурманск, Сыктывкар, Уфа, Якутск, Ярославль къалэхэр. Абыхэм адэкIэ къапэщылъщ я фIагъ нэхъыщхьэхэр къэпщытакIуэхэм я пащхьэ ирахьэну. Къалэхэм къагъэлъэгъуэн хуейщ щIыналъэхэм я студентхэм яIэ зыужьыныгъэр, щIалэгъуалэ жэрдэмхэр зэрыдаIыгъыр, щэнхабзэ Iуэхухэр, нэгъуэщIхэри. КъэпщытакIуэхэм цIыхубэ IэIэтым хагъэхьэну къалитхур ягъэбелджылынущ щэкIуэгъуэм и 10-м.

«ЩIалэгъуалэм я къалащхьэ» цIэр зыхуагъэфащэ къалэм къэкIуэну илъэс псом къэралыр къыдэIэпыкъунущ щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэхэр иригъэкIуэкIынымкIэ, щIыналъэр къызэрацIыхум нэхъри хигъэхъуэнымкIэ, IэщIагъэлI, турист ныбжьыщIэхэр къришэлIэнымкIэ. «НэхъыщIэхэм я зэман» урысейпсо саугъэтым хыхьэу ирагъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэр иджы етхуанэу къызэзыгъэпэщыр ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэрщ («Росмолодежь»).

Ди республикэм и къалащхьэм и гугъу тщIымэ, нобэ ар щIалэгъуалэм заужьынымкIэ, я зэфIэкIым хагъэхъуэнымкIэ, я щхьэ Iуэху зэрахуэжынымкIэ Iэмалыфlхэр здэщыIэ къалэщ. Iуащхьэмахуэ бгыр, Гуэл щхъуантIэхэр, Шэджэм псыкъелъэхэр, псы хуабэхэр, Балъкъэр Ипщэ и фэеплъхэр - ди щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къэрал псом къыщацIыху, зыгъэпсэхуакIуэ къытхуэкIуэхэм я бжыгъэр илъэсым и кIуэцIкIэ цIыху мелуанитIым щIегъу.

Налшык курорт щIыпIэу къызэралъытэрэ куэд щIащ, абы и къабзагъэмрэ щIыуэпс къулеймрэ псори дехьэх. Я лъахэ цIыкIур дауэ зэралъагъур нобэрей щIалэгъуалэм?! Сыт ар щIалэгъуалэм я къалащхьэ хъун хуейуэ къыщIалъытэр?! Лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIаубыдэу, мы упщIэхэм ехьэлIауэ я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэнаIуэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм игъэхьэзыра видеороликым къыщыпсалъэхэм. Дыхуейт нобэрей щIэблэм я гупсысэхэм фыщыдгъэгъуэзэну.

Чемаев Магомед (Урысейпсо студент гъатхэм уэрэдымкIэ и Iыхьэм щытекIуащ): «Налшык щIалэгъуэр щыбгъэкIуэну узыхуей къалэщ. Зэгурыуэныгъэм и утыкур сыт щыгъуи Iуэхугъуэшхуэхэм, пшыхьхэмрэ зэхыхьэхэмрэ хузэIухащ. Къалэм щIалэгъуалэм ехьэлIа Iуэху куэд къыщызэрагъэпэщ. Фигу къэвгъэкIыж, псалъэм папщIэ, иджыблагъэ Урысей-Абхъаз зэхыхьэр Налшык щрагъэкIуэкIыну къыхахауэ зэрыщытар, «Брикс 2026» дунейпсо щIэныгъэ конференцыр къызэрыщызэрагъэпэщар, «Iуащхьэмахуэ и Кубок» дунейпсо зэпеуэр зэрыщызэхэтар, тIэунейрэ «Большая перемена» Iуэхур ди къалащхьэм зэрыщрагъэкIуэкIар. Ди щIалэгъуалэр а псоми жыджэру хэтщ».

Бэрэгъун Заур («Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и Iуэху зыгъэкIуатэщ): «Налшык зыгъэдахэр фщIэрэ? Мыбдеж зыри лъэныкъуэ къыщынэркъым: зыгуэрым уэрэд жиIэрэ - къалэ псор йодаIуэ, зыгуэрым къэрэндащ къищта - блынхэм гъуазджэ теплъэ ягъуэт, нэгъуэщIым гуп зэхуешэсыфри, ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэрегъэхьэ. Налшык дэтхэнэми къыщегъуэтыф дэзыхьэхын Iуэху. Куэд зэбгъэхъулIэфынущ, нэхъыщхьэр - къыщIэдзэ закъуэ!»

Кузнецовэ Ангелинэ (Урысей студент гупхэм я лIыкIуэ): «Налшык щIалэгъуэр пщIэншэу щыкIуэркъым. Мыбдеж зыщыбоужь, уи IэщIагъэр къыщыбогъуэтыж. Хэт зымыщIэр Налшык мыIэрысэм и щыхьэру зэрыжаIэр? Ар къызытекIар Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг гъэкIыным егугъуу зэрызыщрагъэужьырщ, щIыналъэм мыIэрысэ лIэужьыгъуэ куэд къызэрыщагъэкIырщ. А Iуэхум гурэ псэкIэ ди щIыналъэр бгъэдохьэ».

Сафаров Мурад (КъБР-м и щIалэгъуалэ жыджэрхэм ящыщщ): «Сэ сызэреплъымкIэ, Налшык зыгъэпсэхупIэ къудейкъым. Абы и уэрамхэми щIалэгъуалэм я зэчийхэр къыщызэIуах, фейцей хъуа блынхэм «псэщIэ» халъхьэжу. Дэ ауэ сытми дыщыскъым, зыгуэр къакIуэу ди къалащхьэр тхуигъэдэхэным дыпэплъэу. ДиIэщ цIыху цIэрыIуэ куэд, къэралми хамэ щIыпIэхэми я цIэхэр щыIуауэ. Налшык лъэпкъ хабзэхэмрэ нобэрей псэукIэмрэ щызэдогъуэгурыкIуэри, щэнхабзэр хъумэныр дэтхэнэми и къалэну къилъытэжын хуейщ».

Бахъуэ Алим (дзэ Iуэху хэхам хэтщ, хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ щIыналъэ центрым и унафэщIщ) «Хэкупсагъэр си дежкIэ псалъэ къудейкъым. Абы къокI блэкIар зыщумыгъэгъупщэныр, абы урипэгэныр. 2010 гъэм ди къалащхьэм «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ, Хэку зауэшхуэм ди цIыхухэм къыщагъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ. ЦIыху мин 20-м щIигъу зауэм дэкIати, мини 9-м къагъэзэжакъым. Абыхэм я фэеплъыр зэрытхъумэным иужь дитщ, я гъуэгуанэм пыдощэ».

Мэрзей Сэлим («ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэ нэхъыфI» зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэм текIуэныгъэ къыщызыхьа): «Ди республикэр ижь-ижьыж лъандэрэ щIэныгъэм хуопабгъэ. КъБКъУ-м, КъБКъАУ-м, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым илъэс къэс IэщIагъэлI зэчиифIэхэр къыщIагъэкI. Дэ дропагэ ди щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм. Зэгъусэу зы Iуэхущ дызытелажьэр - республикэр егъэфIэкIуэныгъщ».

Шормэн Амырхъан (архитектор, дизайнер): «Къалэм жыг хадэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, цIыхубэ зэхуэсыпIэ дахэхэр иIэщ. Дэ долэжь Налшык нэхъыфIыж, нэхъ дахэж, щIыпIэ тынш хъуным. Хэт зымыцIыхур къалэм и дэкIуеипIэ миныр?! Зи гъуэгуанэр километри 2-рэ ныкъуэм щIигъур метр 843-кIэ тенджызым елъытауэ нэхъ лъагэщ. А щIыпIэм деж Налшык уи Iэгум илъым хуэдэу щыболъагъу. ЗэрытщIэщи, ди щыхьэрыр Урысейм и къалэ нэхъ щхъуантIэ дыдэу къалъытэ. Дауэ атIэ ар фIыуэ зэрумылъагъунур?!»

КIэдыкIуей Хьэким («Спартак-Налшык» футбол гупым и капитан): «Налшык къалэм и стадионым цIыху мин 13,5-м щIигъу йохуэ. Дэ дыджэгу къудейкъым, атIэ гуп хэтыкIэм, Iэпкълъэпкъри псэри псыхьыным зыхудогъасэ. Ди къалащхьэм къыщотэдж спортсмен цIэрыIуэхэр».

Куэпэшэр Лалинэ (сабий дохутыр): «Сэ Налшык сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхъуащ, сыщеджащ, IэщIагъэри щызэзгъэгъуэтыжащ. Республикэм и медицинэ Iэнатlэр ефIакIуэ зэпытщ. А ехъулIэныгъэм и щIыбагъ къыдэт нэхъыщхьэр - цIыхухэм я дзыхьырщ».

Борыкъуей Эдуард (волонтёр): «Налшык гуапагъэм и къалэщ. Мыбы щыхабзэкъым дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм блэкIыу. Гугъуехь хэтым зыщIэдгъэкъуэну дэ дыхьэзырщ. Налшык и щIалэгъуалэм сыт хуэдэ Iуэхуми гурэ псэрэ хелъхьэф».

Апхуэдэ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэр щыдиIэкIэ, къэкIуэнум щхьэкIэ дымыгузавэми хъунущ. Абыхэм ди зэманым сыт и лъэныкъуэкIи зауэжьыну Iэмал яIэщ. А псом тетщIыхьу, дэри жыдоIэ: Налшык «щIалэгъуалэм я къалащхьэ» хъуну, шэч хэмылъу, къелэжь.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ЩІДАА

Щlэныгъэр и лъабжьэу

Жэпуэгъуэм и 20-21-хэм Абхъаз Республикэм щекlуэкlащ тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, тхыдэдж, этнограф, литературовед, lуэрыlуатэдж Инал-ипэ Шалвэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ зэрырикъум ещlэкlа IV Дунейпсо зэlущlэ.

ЩlЭНЫГЪЭХЭМКlЭ Абхъаз академием, Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием зэщlыгъуу къызэрагъэпэщат ар. Зэlущlэм хэтащ къэрали 5-м я лIыкъуэ 200-м щlигъу. ЩlІДАА-м къыбгъэдэкlыу абы хэтащ биологие щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор, адыгэ академием и щlэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий зи пашэ гупыр.

Абхъаз Республикэм и Министрхэм я советым щекlуэкlа зэlущlэм къыщыпсэлъащ АР-м и Президент Гунбэ Бадрэ, Абхъаз къэрал университетым и ректор, ЩlДАА-м и вице-президент, академик , профессор Гварамие Алекэ, Щlэныгъэхэмкlэ Абхъаз академием и президент Джапуа Зураб, ЩlДАА-м и щlэныгъэлI секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и унафэщI Ашубэ Ардэ.

Щхьэгъэпсор къыщыпсэлъам жиlащ ЩlДАА-м зиужьыным, абы и лэжьыгъэр егъэфlэкlуэным зэрыхуэщхьэпэм папщlэ, академием и президент Къанокъуэ Арсен Абхъаз къудамэм хэтхэм фlыщlэ зэрахуищlыр икlи Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым яритащ тхылъ 45-рэ. А тхылъхэр псори «Адыгэхэр-2040. Зыужьыныгъэм и гъуазэ» lуэхум ипкъ иткlэ ЩlДАА-м къыдигъэкlащ.



Къищынэмыщlауэ, Къанокъуэм къыбгъэдэкlыу Щхьэгъэпсом Абхъаз Республикэм и Президентым иритыжащ тхылъ, ар ЩlДАА-м и академик хъуну къызэрырагъэблагъэр иту. Абхъазым и lэтащхьэр абы арэзы техъуащ.

Зэlущlэм и етlуанэ махуэм Щlэныгъэхэмкlэ Абхъаз академием lэ традзащ ЩlДАА-мрэ ЩlАА-мрэ 2032 гъэ пщlондэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыlуэныгъэм. Щхьэгъэпсо Сэфарбий фlыщlэ тхылъхэмрэ адыгэ академием и бгъэхэлухэмрэ яритыжащ ЩlДАА-м къыхагъэхьа абхъаз щlэныгъэлIи 9-м.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Къуныжьымрэ Къуэдзокъуэмрэ саугъэт нэхъыщхьэм щlэбэнынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ щlалитI «Урысейм и хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэ» урысейпсо саугъэтым и кlэух зэпеуэм кlуахэм ящыщ хъуащ. Ар Къуныжь Таймуразрэ Къуэдзокъуэ Эмиррэщ.

КЪУНЫЖЬЫМ «Дадэ» унагъуэ гъэшхэкI фермэ» брендыр къызэригъэпэщащ. Мы lуэхущlапlэр хущlокъу гъэшхэкlхэр пасэрей хабзэхэм тету щlыным. 2021 гъэм абы сом зы мелуан къыщихьауэ щытащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкlыу щыlэ сенатор Къанокъуэ Арсен и нэlэм щlэту хьэрычэт lуэхухэмкlэ щlалэгъуалэм защlэгъэкъуэным тещlыхьауэ екlуэкlа «Startup 5642» зэхьэзэхуэм.

«Кавказым щыпсэухэм шэр, шхур, шатэр куэд щlауэ я шхыныгъуэу къадогъуэгурыкlуэ, нэхъыжьми нэхъыщlэми яфlэфlу. Ахэр цlыхум дежкlэ зэрысэбэпым и мызакъуэу, псалъэм папщlэ, шхум дунейр щыдыгъэжьэражьэм псыхуэлIэр ирегъэкlыф, нэхъ жани укъещI, - жеlэ щlалэм. - Сэ езыр сыкъыщалъхуари сыкъыщыхъуари къуажэщ. Лъапсэшхуэ диlэти, сызэрыцlыкlурэ си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ срагъусэу, унагъуэ lуэхухэм жыджэру сыхэту сыкъыдэкlуэтеящ. Абы и фlыгъэкlэ lэщыр зэрахъумэмрэ зэрагъашхэмрэ, мащlэ-куэдми, щыгъуазэ сыхъуащ. Ди нэхъыжьхэм шхур илъэс куэд ипэкlэ зэращlу щыта щlыкlэрщ дызытетыр, къэдгъэсэбэпыр шэ щlэмыхурэ шхупцlатэмрэ я закъуэщ».

Къуэдзокъуэ Эмир «Хьэцыбанэ» lуэхущlапlэм зыужьыныгъэмкlэ и унафэщI къулыкъум пэрытщ. Брендым лъэпкъ щэнхабзэ щlэиныр иджырей дизайнымкlэ ехъумэ, модэм и дунейпсо тхьэмахуэхэм Урысейм и лIыкlуэу хэтщ.

Хьэрычэт щlалэм и къалэныр епхащ брендым зегъэужьыным, Урысей щиlэ увыпlэхэр гъэбыдэным, дунейпсо утыкухэм ихьэным. «Хьэцыбанэр» къызэзыгъэпэща дизайнер Щоджэн Фатlимэ къигупсыс фэилъхьэгъуэхэм щlэупщlэшхуэ яlэщ, лъэпкъ гупсысэр нобэрей зэманым зэрыдэгъуэгурыкlуэм и щыхьэту. Фатlимэ и лэжьыгъэм иужь щихьэм, езым къигъэсэбэпыну зыщlэхъуэпс хьэпшыпкlэ къыщlидзащ: Санкт-Петербург щыщыпсэум абы мурад ищlат икlи дахэу, икlи къэсэбэпу, и лъахэ цlыкlуми епхауэ щхьэфlэпхыкI идыну. Бащлъыкъыр лъабжьэу къищтэри, хэдыкlкlэ игъэдэхащ. Хьэпшыпыр и лэжьэгъухэм ягу ирихьщ, щlэупщlэ иlэ хъури, итlанэ бренд щхьэхуэ зэфlэуващ.

Нобэ «Хьэцыбанэм» къыдигъэкlхэм папщlэ лъэпкъ тхыпхъэщlыпхъэхэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу къигъэсэбэпыркъым, атlэ еплъыкlэщlэ ягъуэт. Абы гулъытэшхуэ хуещI лъэпкъ щэнхабзэр хъумауэ, абы щыгъуэми нобэ зепхьэ хъуну щыгъынхэр зэрищlыным. Мы lуэхущlапlэр ехъулIэныгъэ иlэу хэтащ Москва хабзэ хъууэ щекlуэкI модэм и тхьэмахуэмрэ Индием Lakm Fashion Week дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэмрэ, DRESS CODE AWARD 2024 саугъэтым и зы Iыхьэм щытекlуащ.

Гу зылъытапхъэ: «Урысейм и хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэ» урысейпсо саугъэтыр 16-нэу мы гъэм ят. Зэхыхьэр щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэм къызэрегъэпэщ, ныбжьыщIэхэм я хьэрычэт lуэхум зегъэужьынымкlэ урысейпсо программэм ипкъ иткlэ.

Мы гъэм зэпеуэм хэтыну хуейхэм я лъэIу 6000-м нэблагъэ къыlэрыхьащ агентствэм. Ар Iыхьэ-Iыхьэу гуэшащ: «Социальнэ хьэрычэт», «Хьэпшып къыщIэзыгъэкI ныбжьыщlэ», «Маркетплейсхэм я пашэ», «Мэкъумэшыщlэ ныбжьыщlэ», «Креатив индустриехэр», «Архитектурэм хэт щlалэгъуалэ», «Щlэныгъэмрэ lэмалыщlэхэмрэ», «Хьэщlагъэ индустрие», «Ди къарур зэкъуэтыныгъэрщ». Апхуэдэуи иджы япэу зэпеуэм хагъэхьащ «И закъуэ къарукlэ lуэхум зезыпщыта» Iыхьэр. Ар зи щхьэ хуэлэжьэжхэм папщlэ къызэрагъэпэщащ.

Зэпеуэм и кlэух Iыхьэм хэхуахэр пщалъитIым пхыкlащ: цlыху 70 000-м щlигъу зыхэта цlыхубэ lэlэтым кърикlуахэмрэ эксперт къэпщытэныгъэмрэ. Нэхъыфlу къалъытащ къэралым и щIыналъэ 31-м я цlыху 42-м я lуэхущlафэр.

Абыхэм къапэщылъщ я лэжьыгъэхэр къэпщытакlуэхэм я деж щыпхагъэкIыну. Текlуахэм я цlэхэр наlуэ хъунущ щэкlуэгъуэм и 14-м «Урысей» Лъэпкъ центрым щекlуэкIыну «Къызэгъэпэщакlуэхэр» зэхыхьэшхуэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЗэфIэкI лъагэхэр яIэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым инсульт зиlэ сымаджэхэм хуащlэ медицинэ lуэхутхьэбзэхэр щрагъэфlакlуэ: сымаджэм пlэщlэгъуэкlэ игъуэтын хуей дэlэпыкъуныгъэр и чэзум ягъэзэщlэфу lуэхур зэтраублащ, фlагъыхуэ зиlэ lэзэкlэщlэхэр жыджэру лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп, реабилитацэ къудамэхэм заужь. А унэтIыныгъэ псори ягъэзащlэ «Гъащlэ кIыхь икlи жыджэр» лъэпкъ проектымкlэ.

ИНСУЛЬТ зиlэм и lуэхур зэрыхъунур куэдкlэ елъытащ япэ дакъикъэхэм игъуэт дэlэпыкъуныгъэм. Япэ сыхьэтым зыхуей lэзэгъуэр игъуэтмэ, узыншагъэр зэтеувэжынымкlэ lэмал нэхъыбэ щыlэщ. Лъынтхуэ узыфэхэм щеlэзэ центрымрэ къудамэхэмрэ щыlэ, невролог, нейрохирург, кардиолог, анестезиолог зыхэт гупым я лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкlи зэпэщу зэтеублащи, сымаджэр къыщыхуашам деж щегъэжьауэ абы и лажьэр къахутэу япэ дэlэпыкъуныгъэ иратыным дакъикъэ 20 текlуадэу аращ. Ар щыхьэт тохъуэ сымаджэхэм пlэщlэгъуэкlэ lуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщlэ медицинэ гупхэм я lэзагъэм, лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтраухуэфам. Инсульт зиlэхэм зыхуэныкъуэ дэlэпыкъуныгъэхэр щагъуэт Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту лажьэ, Лъынтхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм щеlэзэ центрым. Абы къищынэмыщlауэ, Налшык къалэ дэт, Медицинэ технологие лъагэхэмкlэ центрымрэ Прохладнэ район сымаджэщымрэ лъынтхуэ узыфэхэм щеlэзэ и къудамэхэм. А медицинэ lуэхущlапlэхэр lэщlагъэлIхэмрэ lэмэпсымэхэмкlэ ирикъуу къызэгъэпэщащ.

lэнатlэм гулъытэ щыхуащI иджырей lэмалхэр нэхъ жыджэру я лэжьыгъэм пэрыт зэрыщащlыным. Щхьэ куцlым щызекlуэ лъым и лэжьэкlэм сэкъат иlэмэ, япэ сыхьэтхэм тромболизис lэзэкlэр къагъэсэбэп, апхуэдэу рентгенэндоваскулярнэ операцэхэр ирагъэкlуэкI. Апхуэдэ lуэху бгъэдыхьэкlэм lэмал къарет лъым и лэжьэкlэр тэмэму зэтрагъэувэжыну, тромбыр lуахыну. Мы илъэсым и пэщlэдзэм щегъэжьауэ республикэм апхуэдэ операцэу 843-рэ щрагъэкlуэкlащ.

Мынэхъ мащlэу мыхьэнэшхуэ зиlэ унэтlыныгъэщ реабилитацэр. Абы къыщагъэсэбэп сымаджэм и узыншагъэр езыгъэфlэкlуэжын lуэху бгъэдыхьэкlэ зэхуэмыдэхэр: lэпкълъэпкъым зезыгъэукъуэдий lэмал щхьэхуэхэр, щхьэ куцlым и лэжьэкlэр зэтезыгъэувэжын зыгъэсэныгъэхэр. Реабилитацэм сымаджэм къыщыдолажьэ невролог, реабилитолог, логопед, психолог, физиотерапевт. Инсульт зиlам и узыншагъэр тэмэму зэтеувэжынымкlэ ахэр псори lэмал хъарзынэщ.

А узыфэм еlэзэнымкlэ ди lэщlагъэлIхэм ехъулIэныгъэхэр зэраlэм и щыхьэтщ абы илIыкIхэм я бжыгъэм зэрыхэщlар - проценти 8,6-рэ мэхъу, ар «Гу-лъынтхуэ узыфэхэм япэщlэтын» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуам нэхърэ (процент 14,7%-кlэ) нэхъ мащlэщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, lэнатlэм иlэ ехъулIэныгъэр зэлъытыжар медицинэ lэщlагъэлIым и Iэзагъымрэ зэфlэкlымрэщ, апхуэдэуи lуэхущlапlэхэр зыхуэныкъуэ lэмэпсымэхэмкlэ къызэрызэгъэпэщарщ. Нобэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм а lуэхухэм хуэфэщэн гулъытэ зэрыхуищlырщ цlыхухэм ягъуэт медицинэ lуэхутхьэбзэхэм я фlагъкlэ къэралым щыпэрытхэм ди щIыналъэри ящыщ зыуэ щIыщытыр.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Лянэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 31, *щэбэт*

♦Тенджыз фIыцlэм и дунейпсо махуэщ
♦Къалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Экономием и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щыlэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакlуэхэм я махуэщ
♦Урысейм щылажьэ lэпэтэрмэш зэдзэкlакlуэм и махуэщ
♦1952 гъэм къалъхуащ УФ-м и къэрал лэжьакlуэ, етlуанэ рангым и къэрал чэнджэщэгъуу щыта **Хъупсырокъуэ Назир (Кърым-Джэрий)**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦Урысей Федерацэм и Суд Приставхэм я махуэщ
♦Урысейм менеджерым и махуэр щагъэлъапlэ
♦1922 гъэм Налшык парт школ къыщызэlуахащ.
♦1936 гъэм Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэlуахащ.
♦1917 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цlыхубэ усакlуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын**.
♦1938 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ, щlэныгъэлI, УФ-м щlыхь зиlэ и экономист **Гуэбэщlыкl Жантемыр**.
♦1947 гъэм къалъхуащ медицинэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн**.
♦1966 гъэм къалъхуащ экономикэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъШР-м щlыхь зиlэ и экономист **Уэз Аслъэн**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Щэкlуэгъуэм и 2, *блыщхьэ*

♦1940 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молэ Владимир**.
♦1947 гъэм къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор **Бгъэжьнокъуэ Барэсбий**.
♦1951 гъэм къалъхуащ геолого-минералогие щlэныгъэхэмкlэ доктор, ЩlДАА-м и академик, Тыркумэнымрэ УФ-мрэ щlэныгъэхэмкlэ щIыхь зиlэ я лэжьакlуэ **Абыкъуэ Лейлэ**.
♦1957 гъэм къалъхуащ усакlуэ **Лъостэн Музэ**.
♦1965 гъэм къалъхуащ усакlуэ, зэдзэкlакlуэ **Къармэ Iэсият**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 – 17, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 24-рэ: 10-р хъыджэбз цlыкlущ, 14-р щlалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 19: 7-р хъыджэбз цlыкlущ, 12-р щlалэщ.

Жэпуэгъуэм зэрыщlидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 650-рэ, илъэсым и пэщlэдзэм щегъэжьауэ 7213-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Шэр нэхъапэ зытехуэр пэж *лъ*ыхъуэхэращ.

Илъэс 82-кIэ гъуэгу тета хъыбар

● Жыжьэ - гъунэгъу

ЦIыхур гувэми-щIэхми зэ зоплъэкIыжри, зыщыщыр зригъэщIэну, къызыхэкIар къихутэну иужь йохьэ. БлэкIам и гуащIэр къызэрымыкIуэу инщ, малъхъэдисым хуэдэу узыIэпешэ. Абы къыхэплъагъукI къэхъугъэхэр лIыгъэкIэ гъэнщIамэ, уи щхьэр лъагэу щIэпIэтын Iуэхугъуэхэр мымащIэу къызыкъуихыжмэ, плъэмыкIыу зеплъытын хуей мэхъу, си япэ итахэм сахуэфащэу дунейм сытемыту хъунукъым, жыуигъэIэу. Си цIыкIущхьэм щегъэжьауэ сфIэфIщ ди унагъуэмрэ лIакъуэмрэ къакIуа тхыдэ гъуэгуанэр къэстIэщIыжыну, абы игъэпщкIуж щэхухэр къыщIэзгъэщыжурэ зэрыбыныр щызгъэгъуэзэну. Апхуэдиз унагъуэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщу сэ нэхъ гуащIэу зыхэсщIэр си адэшхуэм и къуэшым и Iуэхурат. Си адэшхуэр дунейм тетыху зэпигъэуакъым анэкъилъхум и хъыбарыр, щIэупщIэрт, къилъыхъуэрт, и щхьэ кърикIуар зэхигъэкIыну хущIэкъурт.

НОБЭКIЭ щыIэ Iэмалхэр щыIатэмэ, бетэмал... Зэм-зэм и хъыбарыщхьэ къызэрыкъуэкIынум шэч къытезымыхьэ дадэм быным уэсяту къытхуигъэнэгъат и къуэшыр къэлъыхъуэныр щыдмыгъэтынри, ар си гум хьэлъэу телът. Ауэ цIыхуфIыр мащIэкъым. Арыншамэ, мы дунеижьыр къутэжынт. Хэку зауэшхуэм зи щхьэр хэзылъхьахэм я лъэужьыр къилъыхъуэжу, абыхэм я лIыгъэщIагъэхэм пэкIуэу къыхуагъэфэща дамыгъэхэр Iыхьлыхэм Iэрагъэхьэжу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI Нэхущ Ахьмэдрэ абы и бынхэмрэ - Дианэ, Арианэ, Инал сымэ. Сыт хуэдиз бын ягъэгуфIа абыхэм, зи хъыбар ямыщIэ адэм щхьэкIэ гурыгъуз яIэу, якIуэцIылъ губампIэр зыхуаIуэтэн ямыгъуэту. Ди Iуэхур Ахьмэд щыбгъэдэтлъхьэм, мыхъун къыхигъэкIакъым. Илъэс бжыгъэ дэкIыжами, ар зригъэтIылъэкIакъым. Иджы, мис, зэрыунагъуэу, зэрылъэпкъыу ди гур мамыр зыщIыжа хъыбар дахэр къытлъигъэIэсащ, ди адэшхуэм и нэпсыр мыжэщIыжу зыхущIигъэкIа и къуэшым и гъащIэр къызэрекIуэкIар нахуэ тхуищIащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ идолъхьэ фIыщIэ иныр зыхуэтщI Нэхущхэ Ахьмэд, Дианэ, Арианэ, Инал сымэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэм кърикIуа лэжьыгъэ дахэр.**

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я цIэ-унагъуэцIэхэр щызэхуэхьэса Фэеплъ тхылъым зэритымкIэ, Табыщхэ я лъэпкъым щыщу зэуапIэм цIыхуиплI къикIыжакъым. Абыхэм яхэтщ Табыщ Исуф и къуэ Iэбубэчыри. Исуф и фэеплъыр къыдэхыжыным епха Iуэхугъуэхэм яужь дыщихьар 2015 гъэм и мэлыжьыхь мазэрщ. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтахэм я дэфтэрхэр щызэхуахьэсыж «Фэеплъ» («Мемориал») интернет напэкIуэцIым къыщигъуэтыжа тхылъымпIэхэр зэуIу ищIри, адэшхуэм и къуэшым и щхьэ кърикIуар зэхэгъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхуэхъуну дэ зыкъытхуигъэзат «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель Табыщ Мурат.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм хуагъэфэща къэрал дамыгъэхэр Iыхьлыхэм, абыхэм къуэшырылъхухэри яхэту, а далэм ептыж хъууэ щытакъым. Урысей Федерацэм къэрал дамыгъэхэм ятеухуауэ къищта хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьа нэужьщ апхуэдэ Iэмалыр щыIэ щыхъуар. ИтIанэщ зыкъытхуэзыгъэза щIалэм и лъэIум иужь дыщихьэфар, анэкъилъхум и щхьэ кърикIуар зэримыщIэм иригуIэу зи дунейр зыхъуэжа адэшхуэм и уэсятыр абы игъэзэщIэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр зэуIу щытщIыфар.

Табыщ Iэбубэчыр Краснодар щIыналъэм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм 1915 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуащ Табыщ Екъуб и къуэ Исуфрэ Къурэмыкъуэ Пелуан ипхъу Бэхъанрэ я унагъуэшхуэм. Зэдэлъхузэшыпхъу 12 хъу бным я нэхъыжьхэм ящыщт Iэбубэчыр. Зыр адрейм теубгъуауэ псэу унагъуэр къуажэдэсхэм я деж сыт и лъэныкъуэкIи щыщапхъэ дахэт: щIалэхэр сыт хуэдэ Iуэхуми хуэIэкIуэлъакIуэу, гъукIэуи кIыщым щIэувэрт, пхъащIи хъурт, уанащIэ бэлыхьи къахэкIырт - адэр зыхуэIэижь псоми щIалэхэр хуигъэсат; хъыджэбзхэращи, зэплъым щапхъэ трах, жаIэу, дакIуэ-бзакIуэ Iэщ1агъэхэм фIыуэ хащIыкIырт - «Бэхъан и Iэщ1агъэщ» жезыгъэIа анэм и бынти, зыщыгъуазэ дахагъэ псори ябгъэдилъхьэжат. ЖыпIэнуращи, унагъуэ хъуэпсэгъуэт. АрщхьэкIэ узэрыхуей ухъумэ уунэхъурэт, жыхуаIэрати, унагъуэ дахэм щIэгъэкъуэну яIэ адэр пасэу щащхьэщыкIуриикIым, Iэджэ хъуапси дэкIуэдащ: зи пщIэнтIэпскIэ мылъку зэригъэпэщу псэукIэ зыщIэхэр щагъэкIуэд лъэхъэнэ бзаджэти, унагъуэми Iэ щIыIэкIэ къыхэIэбащ, гузэвэгъуэр щыблэкIым, гъаблэр къахыхьэри, зэрыбыным щыщ яхичащ.

Къэнар псэун хуейти, губгъуэм ихьащ, абдеж къыщыхуагъэлъагъуэ дэтхэнэ зы Iуэхуми зрату - жылэри ясащ, пхъэIэщэри яIыгъащ, гублащхьэми дэсащ. Сыт хуэдиз гугъуехьым пэщIэмытами, быным ятеухууэ адэм иIа хъуэпсапIэхэр Iэщ1ыб ящIакъым - зэреджэным, Iэщ1агъэрэ щIэныгъэрэ зэрызрагъэгъуэтыным хущIэкъуащ.

Iэбубэчыр ящыщщ Щхьэщэхуж къуажэм къыщызэIуаха илъэсибл еджапIэм япэу щIэтIысхьахэм. Ар хъарзынэу къиуха нэужь, Краснодар къалэм дэт, лэжьапIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ пэщIэдзэ щIэныгъэ щрат еджапIэм щIэтIысхьащ. Абдеж илъэситI щрихьэкIри, Орджоникидзе Серго и цIэр зэрихьэу Новочеркасск къалэм дэт индустрие институтым еджапIэ кIуащ. СССР-м промышленность хьэлъэмкIэ и цIыхубэ комиссариатым и нэIэ щIэту къэралым и ипщэ щIыналъэхэм къыщызэIуаха еджапIэ нэхъыщхьэ Табыщ Iэбубэчыр щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ, инженер-архитектор Iэщ1агъэри къыщIихащ.

ЕджапIэ къэзыухахэр щхьэж и Iэщ1агъэ теухуауэ щызэбграгъэкI лъэхъэнэти, Iэбубэчыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м къаунэтIащ. Мыбдеж ар пIалъэ тIэкIукIэ Тырныауз къалэм къыщызэIуаха, вольфрамрэ молибденрэ къыщыщIах комбинатым щылэжьащ, Бахъсэн гидроэлектростанцыр - Кавказ Ищхъэрэм япэу щаутIыпща бгылъэ ГЭС-р, къызэIузыхахэми яхэтащ. Гу лъытэн хуейщ Бахъсэн ГЭС-ри, Новочеркасск къалэм дэт индустрие институтым хуэдэу, СССР-м промышленность хьэлъэмкIэ и цIыхубэ комиссариатым и нэIэ зэрыщIэтар.

Табыщ Iэбубэчыр мыбдеж унагъуэ щыхъуащ, щIалэ цIыкIуи къыщыхуэхъуащ. Ахэр пIалъэкIэ Бахъсэн Ищхъэрэм (иджы Тырныаузкlэ зэджэм) щыпсэуащ. Ахэр зыщIэса унэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и музейр щIэтщ нобэ, Табыщхэ я унагъуэ мылъкум щыщ хьэпшып куэди щахъумэ. Арщхьэкlэ унагъуэм гу щихуэну хунэсакъым Iэбубэчыр - 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

КъБАССР-м и Iуащхьэмахуэ щIыналъэ комиссариатым 1941 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм зауэм ириджа адыгэ щIалэр а лъэхъэнэм къызэрагъэпэща 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хагъэхьащ. Iэбубэчыр Сталинград и Iэгъуэблагъэм, Ростов щIыналъэм хыхьэ Мартыновкэ къуажэм деж, биидзэм гуащIэу щыпэщIэтахэм яхэтащ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм фIэкIуэда зауэлIхэр къалъытэу 1942 гъэм фокIадэм и 24-м ягъэхьэзыра 25407-нэ хъыбарегъащIэ тхылъым зэритымкIэ, 316-нэ шу полкым хэта Табыщ Iэбубэчыр хъыбарыншэу Ростов щIыналъэм щыкIуэдащ. Апхуэдэ хъыбар Iэрагъэхьат абы и щхьэгъусэм.

Арщхьэкlэ Табыщ Iэбубэчыр а зауэ мафIэсым и щхьэр къыхихауэ къыщIэкIащ. Плъыжьыдзэр къыщикIуэтым, зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэкIри, Iэбубэчыр щалъхуа Щхьэщэхуж къуажэм и псэр къихьыжащ. Щ1ыналъэр бийм къыIэщIахыжыху, 1943 гъэм щIышылэм и 22 пщIондэ, Iэбубэчыр къуажэм дэсащ. Нэмыцэдзэр зэрыщхьэщыкIыу, Табыщыр щIэрыщIэу дзэм ираджэжащ. 213-нэ фочауэ полкым игъэхьэзыра хъыбарегъащIэ тхылъым зэритымкIэ, ар 213-нэ фочауэ полкым и 3-нэ батальоным хагъэхьащ. Дэфтэрым къызэрыхэщымкIэ, Iэбубэчыр и зауэ IэщIагъэкIэ шофёру щытащ.

Табыщ Iэбубэчыр 1943 гъэм и гъатхэм Псыжь и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауэхэм хэтащ. Краснодар щIыналъэм хыхьэ Кудэкъуэкlэ зэджэ къуажэ цIыкIум пэмыжыжьэу щыIэ «Линие щхъуантIэр» къызэпаупщIыну нэмыцэхэр къебгъэрыкIуэрт. Абыхэм советыдзэр гуащIэу икIи псэемыблэжу абдеж щапэщIэтт. Хэщ1ыныгъэшхуэ ягъуэтащ, ауэ зэрыпхъуакIуэхэр а щIыпIэм кърагъэкIакъым совет зауэлIхэм. Кудэкъуэ къуажэр 1943 гъэм накъыгъэм и 5-м хуит къащIыжащ. Ауэ абы пэмыжыжьэу щыс, Лениным и цIэр зезыхьэ къутырым зауэхэр мазэм щIигъукIэ щызэпыуакъым.

1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м 37-нэ армэм и 295-нэ фочауэ дивизэм и штабым игъэхьэзыра 19223-нэ хъыбарегъащIэ тхылъым къызэрыхэщымкIэ, 883-нэ фочауэ полкым и унафэщI сержант нэхъыжь Табыщ Iэбубэчыр Исуф и къуэр 1943 гъэм накъыгъэм и 13-м Лениным и цIэр зезыхьэ къутырым деж хъыбарыншэу щыкIуэдащ. Щхьэкlуэ хъыбарыр щIалэм и анэ Бэхъан хуагъэхьауэ дэфтэрхэм къыхощ. 883-нэ фочауэ полкым накъыгъэ мазэм къриубыдэу фIэкIуэда зауэлIхэр къыщалъытэжым, бжыгъэр цIыху 97-рэ хъурт. Табыщым и полкым хэтауэ хъыбарыншэу кIуэдахэм ящыщщ Веркач М. С., Новицкий А. А., Донченкэ Г. М., Жидков Т. И., Ковалёв П. Ф., нэгъуэщIхэри. Абыхэм я хьэдащхьэхэр зэуапIэм кърахыжри, Киевскэ къуажэм щыщIалъхьащ. Иужькlэ, дэфтэрхэм къызэрыхэщамкIэ, къуэшыкхъэм щыщIалъхьахэм яхэтащ Табыщ Iэбубэчыри.

Къыщ1эща пэжым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Краснодар щIыналъэмрэ я Фэеплъ тхылъхэм (КъБР-м и Фэеплъ тхылъ, 2-нэ том, 2015 гъэ, 72-нэ нап; Краснодар щIыналъэм и Фэеплъ тхылъ, 9-нэ том, 1994 гъэ, 125-нэ нап.) Табыщ Iэбубэчыр теухууэ къыщыкIуа тхыгъэ мащIэр къэгъэщIэрэщIэжын хуейщ: «Табыщ Iэбубэчыр Исуф и къуэр 1915 гъэм гъатхэпэм и 1-м Щхьэщэхуж къуажэм къыщалъхуащ, лъэпкъкIэ адыгэщ. 1941 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм КъБАССР-м и Iуащхьэмахуэ щIыналъэ комиссариатым япэу дзэм ириджащ. Сержант нэхъыжьщ. Хъыбарыншэу кIуэдауэ дэфтэрхэм къыщокIуэ. Краснодар щIыналъэм хыхьэ Киевскэ къуажэм дэт къуэшыкхъэм щыщIалъхьэжащ» жиIэу.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хыхьэ 316-нэ шу полкым хэту Табыщ Iэбубэчыр и псэ емыблэжу Сталинград къалэм деж бийм щыпэщIэтащ. Зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу абы «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалыр хуэфащэщ. Абы къищынэмыщIауэ, 295-нэ фочауэ дивизэм хыхьэ 213-нэ фочауэ полкым хэту Псыжь и Iэгъуэблагъэм зэрыщызэуам къыхэкIыу, абы «Кавказыр зэрихъумам папщIэ» медалыр къратын хуеящ. Арщхьэкlэ къэрал дамыгъэхэр езыми и Iыхьлыхэми яIэрыхьэжакъым. Абы къыхэкIыу дэ Табыщ Iэбубэчыр 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 19 пщIондэ Сталинград зыхъумахэм зэрахэтамрэ 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и щэкIуэгъуэ пщIондэ Кавказыр бийм щызыхъумахэм зэрахэтамкIэ щыхьэт хъу дэфтэрхэр къанэ щымыIэу зэхуэтхьэсыжащ.

Табыщ Арсен Рэмэзан и къуэр, Iэбубэчыр и къуэшырылъхур, дэ Зеикъуэ къуажэм къыщыдгъуэтащ. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу кърыхуэхъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат. Дызыхуэныкъуэ тхылъымпIэхэр зэдгъэпэщу, зэхуэтхьэса дэфтэрхэр абыхэм ящIыдгъужа нэужь, Табыщ Арсен и цIэкIэ УФ-м Къэрал зыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м лъэIу тхылъкIэ зыхуэдгъэзащ, адэ къуэшым къыхуагъэфэща дамыгъитIыр къратыжыну. 2026 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къэрал къулыкъущIапIэм жэуап къитыжащ: «Къевгъэхьа лъэIу тхылъым дыхэплъащ, Табыщ Iэбубэчыр Исуф и къуэм къыхуагъэфэща «Сталинград зэрихъумам папщIэ» икIи «Кавказыр зэрихъумам папщIэ» медалхэр къэрал хабзэм къызэригъэувым тету ныфIэрыдгъэхьэжынущ. УФ-м и Президентым деж къэрал дамыгъэхэмкIэ щыIэ къудамэм дамыгъэхэр Табыщ Арсен щыпсэу щIыналъэм и комиссариатым деж хабзэм тету къыщащтэж хъунущ».

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, зи хъыбар ямыщIэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэда адыгэ щIалэм и Iуэхур къызэрекIуэкIа щIыкIэр зэфIэгъэувэжа хъуащ, илъэс 82-рэ дэкIами, Хэкур хъумэным зи псэр щхьэузыхь хуэзыщIа Табыщ Iэбубэчыр къыхуагъэфэща дамыгъэхэми ар къызыхэкIа унагъуэм деж къагъэзэжащ.

Щымыlэжхэмкlэ дунейм тетхэм хьэкъ ятелъщ, я фэеплъыр яхъумэну, я цIэр зыщамыгъэгъупщэну, я щапхъэ дахэмкIэ щIэблэр ягъэгъуэзэну. Табыщ Iэбубэчыр къигъэщIар мащIэми, и гуащIэдэкIкIэ, и зауэ гъуэгукIэ, и дуней тетыкIакIэ щIалэгъуалэм щысэтехыпIэ яхуэпщI хъунухэм ящыщщи, и гугъур къызыхэщ мы тхыгъэ мащIэм и псэр дэтыншыжауэ Тхьэм къыщIигъэкI!

Зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 2

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.05, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОКОЛОТОЧНЫЙ» (16+)
00.20 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
00.50 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 «Народный ВПК». Д/с (12+)
11.25, 13.25 Х/ф «ТАЙНАЯ ПРОГУЛКА» (16+)
13.45, 15.05 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.20, 17.15, 18.40 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж» (16+)
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 «Герои среди нас». Д/с. 5 с.
23.45 Х/ф «ИНСПЕКТОР УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
01.35 Х/ф «ТАЙНАЯ ПРОГУЛКА» (16+)
02.55 Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
04.30 «Саперы СВО». Д/с (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.00, 13.00 Новости
07.05, 13.05, 21.30, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 Смешанные единоборства. Р. Мойкано - Т. Нолан. UFC. Трансляция из США (16+)
10.55 Спорт.Док (12+)
11.55 Футбол. Альфа-банк. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
13.50 Д/ф «Роман Костомаров. Рожденный дважды» (12+)
15.30 География спорта (12+)
16.00 Громко. Прямая трансляция
16.50 Смешанные единоборства. А. Полпудников - А. Матмуратова. АСА. Трансляция из Москвы (16+)
18.50 Хоккей. «Ак Барс» (Казань) - СКА (Санкт-Петербург). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.35 Футбол. «Аталанта» - «Парма». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
01.30 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из ОАЭ (12+)
03.00 Д/ф «Конор Макгрегор. Ирландец» (16+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Баскетбол. «Динамо» (Уфа) - «Темп-СУМЗ» (Ревда). Чемпионат России. Суперлига. Мужчины (6+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 3

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.05, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ХУДОЖНИК. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОКОЛОТОЧНЫЙ» (16+)
00.15 Д/ф «Шпицберген. Краеугольный архипелаг» (12+)
01.20 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «ПРИКАЗАНО ВЗЯТЬ ЖИВЫМ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00, 13.25 Х/ф «ЯРОСЛАВ» (16+)
13.45, 15.05 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.20, 17.15, 18.40 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж» (16+)
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Улика из прошлого» (16+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 «Герои среди нас». Д/с. 6 с.
23.45 Х/ф «БУДНИ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
01.30 Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
02.45 Х/ф «ГОСТЬ С КУБАНИ» (16+)
03.55 «Хроника Победы». Д/с (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.00, 13.00 Новости
07.05, 11.45, 13.05, 16.00, 21.30, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
10.55 Скелетон. Кубок России. Мужчины. Прямая трансляция из Сочи
12.10 Скелетон. Кубок России. Мужчины. Прямая трансляция из Сочи
13.35 Тяжелая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
16.50 Смешанные единоборства. Р. Мойкано - Т. Нолан. UFC. Трансляция из США (16+)
19.25 Футбол. «Спартак» (Кострома) - «Волна» (Нижегородская область). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
22.35 Профессиональный бокс. Х. Аллахвердиев - К. Мабуза. Трансляция из Москвы (16+)
00.05 Профессиональный бокс. Ф. Чудинов - Б. МакКаллох. Трансляция из Москвы (16+)
01.30 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из ОАЭ (12+)
03.00 Д/ф «Новак Джокович. Только победа» (12+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Волейбол. «Динамо-Ак Барс» (Казань) - «Уралочка-НТМК» (Свердловская область). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 4

06.00, 10.00, 12.00 Новости
06.10, 00.55 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
07.00 «Доброе утро»
10.15 Д/ф «Крым наш. Триумф князя Потемкина» (12+)
11.10 Д/ф «Империя. Екатерина II» (12+)
12.15 Д/ф «Империя. Екатерина II» (12+)
15.30 Х/ф «БЕЛОЕ СОЛНЦЕ ПУСТЫНИ» (0+)
17.05 «Михаил Задорнов» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.20 День народного единства. Прямая трансляция из Нижнего Новгорода (12+)
19.55 Т/с «10 ИСТОРИЙ О ЛЮБВИ И СМЕРТИ». «БЕМБИ» (12+)
21.00 «Время»
21.35 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
22.35 Х/ф «СМОТРИ НА МЕНЯ!» (18+)

РОССИЯ 1

05.25 Х/ф «СТОЛИЧНАЯ ШТУЧКА» (166+)
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Д/с «Рассказы из русской истории» (12+)
11.45 Вести. Местное время
12.00 Большой праздничный концерт «Песни русского мира»
14.15 Х/ф «ВОЛЧОК» (16+)
17.00 Большой праздничный концерт «Песни от всей души» в Кремле»
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАРЕНЦЕВО МОРЕ» (16+)
02.30 Х/ф «ВОЛЧОК» (16+)

НТВ

06.00 Х/ф «СУДЬБА ДИВЕРСАНТА» (16+)
08.00, 10.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
08.20 Х/ф «СУДЬБА ДИВЕРСАНТА» (16+)
08.45 Д/ф «Резидент» (16+)
10.20 Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-5» (16+)
14.25 Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-6» (16+)
16.20 Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-6» (16+)
19.40 Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-7» (16+)
23.50 Д/ф «Под двуглавым орлом» (12+)
00.45 «ТЭФИ-Kids 2026». Российская национальная телевизионная премия (0+)
02.25 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ» (16+))

ЗВЕЗДА

04.35, 09.20, 13.20 Т/с «РОССИЯ МОЛОДАЯ» (16+)
09.00, 13.00, 18.00 Новости дня (16+)
18.20 Т/с «РУСЫ» (16+)
22.30 Гала-концерт Всероссийской премии «Мы верим твердо в героев спорта 2026» (6+)
00.30 Х/ф «ЯРОСЛАВ» (16+)
02.10 Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...» (16+)
03.25 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
05.10 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 13.00 Новости
07.05, 11.35, 13.05, 16.00, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.00 Театрализованное спортивно-гимнастическое шоу Светланы Хоркиной «Характер России». Трансляция из Москвы (6+)
10.55 Скелетон. Кубок России. Женщины. Прямая трансляция из Сочи
11.55 Скелетон. Кубок России. Женщины. Прямая трансляция из Сочи
12.30 «Вид сверху» (12+)
13.55 Футбол. «Ленинградец» (Ленинградская область) - «СКА-Хабаровск». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
16.50 Хоккей. «Спартак» (Москва) - «Локомотив» (Ярославль). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
19.30 Смешанные единоборства. Бетсити. Fight Nights. Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
01.30 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из ОАЭ (12+)
03.00 Д/ф «Леброн Джеймс. Король площадки» (12+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Баскетбол. «Енисей» (Красноярск) - МБА (Москва). Единая лига ВТБ (6+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 5

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «НОВОРОССИЯ. ПОТЕМКИН» (16+)
00.00 Д/ф «Код разведчика». К Дню военного разведчика (12+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.35, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «БАРЕНЦЕВО МОРЕ» (16+)
00.35 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Х/ф «ЧЕРНЫЙ ПЕС-8» (16+)
00.40 «Поздняков» (16+)
00.55 Д/ф «И вечно музыка звучит» (0+)
02.05 Т/с «ЧУЖАЯ СТАЯ» (16+)

ЗВЕЗДА

07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
12.10, 13.25 Х/ф «ДАЧНАЯ ПОЕЗДКА СЕРЖАНТА ЦЫБУЛИ» (16+)
14.25, 15.05 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «ГОРГОНА» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.35, 17.15, 18.40 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «ГОРГОНА» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.30 «Специальный репортаж» (16+)
19.45 «По горячим следам» (16+)
20.00 «Код доступа» (12+)
20.50 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.35 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.05 Х/ф «НЕПОДСУДЕН» (16+)
01.00 Х/ф «ШЕЛ ЧЕТВЕРТЫЙ ГОД ВОЙНЫ...» (16+)
02.25 «Саперы СВО». Д/с (16+)
03.05 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.00, 13.10 Новости
07.05, 13.15, 16.00, 17.00, 18.10, 21.30, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Специальный репортаж» (12+)
09.25 Смешанные единоборства. Г. Бонфим - Р. Браун. UFC. Трансляция из США (16+)
10.55 Спорт.Док (12+)
11.55 Скелетон. Кубок России. Смешанные команды. Прямая трансляция из Сочи
13.40 Тяжелая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
16.15 Бобслей. Кубок России. Четверки. Прямая трансляция из Сочи
17.25 Бобслей. Кубок России. Четверки. Прямая трансляция из Сочи
19.25 Футбол. «Волга» (Ульяновск) - «Чертаново» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
22.35 Профессиональный бокс. Д. Лебедев - Р. Джонс. Трансляция из Москвы (16+)
23.55 Профессиональный бокс. Х. Аллахвердиев - И. Мендоса. Трансляция из Москвы (16+)
01.30 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
02.00 Скелетон. Кубок России. Мужчины. Трансляция из Сочи (12+)
03.00 Скелетон. Кубок России. Женщины. Трансляция из Сочи (6+)
04.00 Новости (0+)
04.05 Волейбол. «Белогорье» (Белгород) - «Динамо-Урал» (Уфа). Чемпионат России. Рольф Суперлига. Мужчины (6+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 6

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.40 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
23.25 «Наша новая музыка». Новый сезон (12+)
00.30 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+)
23.55 «Истории Большой Страны» (12+)
00.55 Х/ф «РОДНОЕ СЕРДЦЕ» (16+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
09.25 «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
10.35 «Первая передача» (16+)
11.10 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.50 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (16+)
20.00 Х/ф «КОММЕРСАНТ» (16+)
22.00 Большой фестиваль «Удачные песни» (12+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.05 «Квартирный вопрос» (0+)
03.00 Х/ф «КРИМИНАЛЬНОЕ НАСЛЕДСТВО» (18+)

ЗВЕЗДА

04.50 Т/с «ВОЕННАЯ РАЗВЕДКА. ЗАПАДНЫЙ ФРОНТ» (16+)
06.35 Х/ф «ОСЕННИЙ МАРАФОН» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 18.00 Новости дня (16+)
09.25 «Не факт!» (12+)
09.55 Х/ф «СЛУЖИЛИ ДВА ТОВАРИЩА» (16+)
12.00, 13.25 «Петровка, 38»
14.20, 15.05 Х/ф «ОГАРЕВА, 6» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.35, 17.15, 18.40 Т/с «В ИЮНЕ 41-ГО» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 Х/ф «КРЕПКИЙ ОРЕШЕК» (16+)
01.00 Х/ф «ШАГ НАВСТРЕЧУ. НЕСКОЛЬКО ИСТОРИЙ ВЕСЕЛЫХ И ГРУСТНЫХ...» (16+)
02.15 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)
02.55 Х/ф «АРМИЯ «ТРЯСОГУЗКИ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.00, 11.55 Новости
07.05, 12.00, 17.00, 22.30 Все на Матч! Прямая трансляция
09.05 «Небесная грация» (6+)
09.25 Смешанные единоборства. Л. Эдвардс - Ш. Брэди. UFC. Трансляция из Великобритании (16+)
10.55 Спорт.Док (12+)
12.25 Прыжки на батуте. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
14.05 Тяжелая атлетика. Чемпионат мира. Прямая трансляция из Китая
16.00 Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Финал. Прямая трансляция из Москвы
17.55 Плавание. Чемпионат России (бассейн 25 м). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
19.25 Гандбол. ЦСКА - «Ростов-Дон» (Ростов-на-Дону). Чемпионат России. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 8

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Еджэ - едаIуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Акъылманла сёзлери» (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 2

7.08, 7.36, 8.08, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм коррупцэ къыщымыгъэхъуным теухуауэ (12+)
17.30 «Мыхьэнэ зиIэм гулъытэ хуэщIын» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 3

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм теухуауэ (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 Коррупцэр къэгъэувыIэн (12+)
17.30 «Адыгэхэр – Урысеймрэ дунеймрэ...» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 4

11.45 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 5

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». IутIыж Борис и фэеплъу (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 Коррупцэр къэгъэувыIэн (12+)
17.30 «Литературэм и дуней». Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 6

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Iумэт М. (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Культурный код». Дагъыстэн (12+)
17.30 «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 7

8.00 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
8.20 Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу. Аруан къуажэ (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
20.50 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 8

8.00 ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
8.20 «Культурный код». Тэтэрхэр (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 2

15.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 3

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 4

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 5

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 6

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 7

Лажьэркъым

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 8

13.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»

Адыгэ лъэпкъым хуэщхьэпэ жэрдэмхэр къыхэзылъхьэ, Іуэхуфlхэр зэфlэзыгъэкl ди лъахэгъу куэдым нэlуасэ дахуещl КъБР-м щlыхь зиlэ и журналист Хьэмту Къадир. Радиожурналист Іэзэм и тхыгъэ купщlафlэхэр щlэх-щlэхыурэ къытохуэ ди газетми. Ди лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlа Зэрамыщlэ Заретэ зэфlигъэкlа лэжьыгъэшхуэм теухуа мы тхыгъэри ди щlэджыкlакlуэхэм ягу зэрынэсынур ди фlэщ хъууэ, фи пащхьэ идолъхьэ.

Уэрэдыр лъэужьыншэ хъуркъым





«Тхылъ. Мы псалъэм и мыхьэнэр къыпхуэмыlуэтэнщ. Ар къару ин зиlэщ, а къару ин жыхуэтlэри зыхуэдизыр къыпхуэмыхутэну телъыджэщ. Тхылъыр хуэлэжьэнкlэ мэхъу дунейм тет дэтхэнэми, уеблэмэ мыцlыхуми. Псалъэм папщlэ, псэущхьэхэми, къэкlыгъэхэми, дыкъэзыухъуреихь мы дунеишхуэм щыlэ псоми. Абы щыгъуэми ар къэзыгъэсэбэпыр цlыхурщ, икlэмикlэжым зыхуэлажьэри араща.

ПСЭУЩХЬЭМ е къэкlыгъэхэм щыжысlэкlэ, абы къикlыркъым ахэр тхылъ еджэфу къывэзгъэлъытэну. Тхылъ еджэм а къэкlыгъэр зэребгъэфlэкlуэнури, псэущхьэхэм яфl зэрыблэжь хъунури абы къриджыкlыну зэрыщытырщ гупсысэр зыхуэзунэтlыр. Апхуэдэ гупсысэр сигу къигъэкlащ 2020 гъэм къыщыщlэдзауэ дунейм къытехьэ тхылъ дахэм. Ар и теплъэкlи, и напэкlуэцlхэмкlи, и гупсысэхэмкlи дахэщ зыхужыпlэ хъунщ. Хьэлэмэтри аракъэ - ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ цlыхубзыр гъащlэм зэрыхэтыр, мыужьыхауэ нобэми зэрыпсэур къэзыгъэлъагъуэуи къыс-щыхъуащ.

Ущlэгушхуэ хъун куэд яlэщ ди адыгэ бзылъхугъэхэм. Псалъэм папщlэ, япэ дыдэ фэрэкl узыфэм пэувыфар ахэрщ. А къагъуэта Іэзэкlэ телъыджэр ягъэщlагъуэу тетхыхьахэри куэд дыдэ мэхъу. Апхуэдэ зыщ франджы усакlуэ, тхакlуэ, философ Клод Адриан Гельвеций. Абы етх: «...цlыхубзхэм яхэту пlэрэ дуней псом цlыхуу тетым я сэбэп хэлъу апхуэдизу фlыщlэ щlахуэпщlын Іуэху телъыджэ зылэжьа?». Абыкlэ адыгэ бзылъхугъэм и зэфlэкlыр еlэт Гельвеций, фэрэкl хэлъхьэкlэр къызэрагъуэтамкlэ фlыщlэ яхуищlу. Фэрэкl узыфэм дуней псор къригъэлащ адыгэ цlыхубзым, абы щыгъуэми «ар дэращ къэзыгъуэтар» жаlэу увахэкъым, узыфэм зэрыпэщlэтын хуейр хэти ирагъэлъэгъуа мыхъумэ. А псор сигу къэзыгъэкlыжар зи гугъу сщlыну къэсщта, Зэрамыщlэ Заретэ и къалэмыпэм къыщlэкlа «Лъахэ уэрэдхэр» зыфlища уэрэдылъэ тхылъырщ.

Заретэрэ Пащlэ Ленэрэ зымыцlыху адыгэ лъэпкъым диlэу къыщlэкlынкъым. А тlум я гупсысэ зэтехуэри, зэныбжьэгъу хъуащ, зэкlэлъыкlуэу щlадзэри, жэрдэм дахэ къапкърыкlащ. Тхылъым и пэублэ псалъэм къызэрыщыджиlэмкlэ, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм Ленэ ирагъэблагъэурэ уэрэд куэд дыдэ зэхуихьэсыжащ. Ахэр е къалэмыпэкlэ, е пленкэм тетхауэ Пащlэм Хэкум къихьыжурэ зэтрилъхьащ. Ленэ ахэр щихъумэрт Пащlэ Бэчмырзэ и музей къызэригъэпэщам, а псор гъусэ хуищlыжырт Бэчмырзэ и уэрэдхэм. Дэтхэнэ зы Іуэхуфlри къызэрыгуэкlщ - Заретэ Ленэ и музейм щыхуэзауэ ямыщlэххэу ягу къэкlащ мы адыгэ уэрэдхэр псори зы тхылъ пщlы хъуну. Арыххэти, апхуэдэу хъуащ. Зы тхылъкъым, атlэ томитху хъуакlэщ, щыгъуазэ сызэращlамкlи, еханэри дунейм къытехьэным хуэхьэзырщ.

СССР къэралыгъуэшхуэр лъэлъэжу демократие гъуэгур къыхахыну щыжаlам цlыхухэр хуиту зэкlэлъыкlуэныр нэхъыфl хъуащ. Ар сэбэпащ хамэ къэрал щыпсэу ди къуэшхэм запытщlэжынымкlи. А лъэхъэнэ мащlэр хъарзынэу къыхуэгъэсэбэпащ Пащlэ Ленэ. Абы и макъыр жыжьэу зэхэзыха адыгэхэм ирагъэблагъэурэ ар щыlащ Тыркум, Иорданием, Щамым, Мысырым, Ливием, США-м, нэгъуэщl къэрал куэдми. Абыхэм щита концертхэр игъэlуа уэрэдхэмкlэ зэфlэкlакъым, Іэгуауэ ин хуаlэта пэтми, атlэ иужьым Ленэ къыбгъэдыхьэхэурэ къратырт ди хэку щымыlуа адыгэ уэрэдхэр, къафэжь дахэхэр. А псор Ленэ хуэсакъыу ихъумэурэ Хэкужьым къихьыжащ. Пащlэм уэрэдищэм щхьэдэхауэ зэхуихьэсахэр Зэрамыщlэм Іэщlилъхьащ. «Цlыкlуу щымыта ин хъуркъым», - жи псалъэжьым, мыр тхылъ цlыкlуу къежьэри, ин хъуащ. Ипэжыпlэкlэ япэ тхылъыр напэкlуэцl 400-м тlэкlу щхьэдэхамэ, тхылъ къэс нэхъ ин хъууэрэ етхуанэр 650-м нэблэгъащ, нэгъуэщlу жыпlэмэ, хэхъуэ зэпытщ.

Иджы езы тхылъыр къызэгуэпхрэ уеплъмэ, хьэлэмэтщ. Абы уэрэдым и псалъэхэр щызэхуахьэсыжа къудейкъым, атlэ композиторхэм зэрахабзэу, нотэкlэ тхыжауэ тхылъым ихуащ ахэр. Нотэкlэ мыгъэпсауэ къыlэрыхьа усэ куэд езы Заретэ зэтригъэувэжащ.

Дауи, ар лэжьыгъэ къызэрыгуэкlкъым, сыту жыпlэмэ абы папщlэ макъамэ щlэныгъэ куу уиlэныр мащlэщ. Апхуэдэуи лъэпкъри абы епха псори фlыуэ плъагъун хуейщ.

Лъэпкъ макъамэр зи лъым хэлъу дунейм къытехьа жыхуаlэхэм хуэдэу къыщlэкlащ Зэрамыщlэ Заретэ Залымхъан и пхъур. Уэрэдус, пшынауэ Іэзэ, уэрэджыкlуэ Заретэ мы уэрэдылъэр и япэ тхылъуи щыткъым. Мы тхылъышхуэхэр дунейм къытемыхьэ щlыкlэ нэгъуэщlхэри и къалэмыпэ къыщlэкlащ абы. Ар лъэныкъуэ куэдкlэ зи акъыл зыгъэлажьэ цlыху, щlэныгъэ лэжьакlуэ хъуащ. Уэрэдусым езым и къалэмыпэм къыщlэкlахэм я мызакъуэу, адрей и дзейхэм ятхахэри хъумэным, мыкlуэдыжу ахэр щыlэным хущlэкъуу апхуэдэщ. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, Іуэрыlуатэр тхыгъэкlэ фlэкlа куэдрэ зэрыпхуэмыхъумэнур зэрыхьэкъыр къыгурыlуэри, дунейм къытехьэ дэтхэнэ уэрэдри хъумэн зэрыхуейр мы тхылъхэмкlэ щlигъэбыдэжащ.

Уэрэдылъэр Мэлэчыпхъу и дыщэ чысэу зэlокl. Композиторхэм, уэрэдусхэм, макъамэтххэм зэрыжаlэмкlэ, кlуэдыжа куэдым я лъэужь зэрытехьэу, ахэри зэфlигъэувэжыным Заретэ къаруушхуэ ирихьэлlащ. Абыкlи куэд къехъулlащ. Композитор цlэрыlуэ Хьэлупэ Джэбрэlил етх: «Дэнэ щытщlэнт Лэтокъуэ Іэсхьэд хуэдэ уэрэдус диlауэ! Е абы «Щауэ Нэкурэ» уэрэдыр иусауэ?!»

Зэрамыщlэм уэрэдхэм я тхыдэри, къызытекlа хъуари, ахэр дунейм къызэрытехьари, япэу зыгъэlуахэри наlуэ къещl, уеблэмэ зэрыхъуа дыдэр ди пащхьэ кърилъхьэжыфащ. Совет лъэхъэнэм зэрыжаlэу щытахэм щыщ гуэрхэри, тхыдэм иlа щыуагъэхэри авторым зэригъэзэхуэжыну хэткъым, дунейм къыщытехьа зэманым зэрыщытам темыкlауэщ псори къызэригъэлъэгъуэжри, абыкlэ арэзы умыхъунри къезэгъыщэу къыщlэкlынкъым.

Уегупсыс зэрыхъунумкlэ, мы тхылъыр псалъалъэм хуэдэу унагъуэ къэс яlэн хуейуэ къэлъытапхъэщ, сыту жыпlэмэ, уэрэд, дзапэ уэрэд тlэкlу зымыгъэlу цlыхухэм яхэткъым. Апхуэдэу щыщытклэ, уигу къыпылъэда уэрэдым и псалъэхэр зытхари, макъамэ щlэзылъхьари, япэу жызыlауэ щытари е иджыпсту зыгъэlури пщlэныр щlэныгъэм и зы Іыхьэщ. А псомкlэ мы тхылъхэр щlэгъэкъуэныфlщ, ущимыгъэуэнуи уэчыл лъэщу къоув. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, япэм щыlа адыгэ уэрэдыжь куэд нобэм къэмысу кlуэдыжащ.

Дэ зэрытщlэщи, ди лъэпкъым тхыбзэ имыlэу лъэхъэнэфl къызэринэкlащ, абы щыгъуэм Іуэрыlуэтэжурэ ди зэманым къэсахэр мащlэщ. А къэса мащlэ тlэкlухэм я кlапэлъапэ къыlэрыхьар Заретэ мы тхылъым щигъэбыдэжащи, фlыщlэ ин хуэфащэщ.

Тхыбзэншэу къызэдэкlа лъэхъэнэм зы уэрэди къежьакъым езыр-езыру. Ахэр гъащlэм къыщыхъу гуфlэгъуэм е нэщхъеягъуэ иным, е лъэпкъым къыхэкlа лlыхъужьхэм папщlэ яусу арат. Ахэр лъэпкъым къикlуа гъуэгуанэми и щыхьэтыфlщ. Лlэщlыгъуэ блэкlахэм щыlа хьэтикlуэхэм, джэгуакlуэхэм, уэрэдусхэм я гум къемыlауэ уэрэд ягъэlуу зэрыщымытар пщыгъупщэ хъунукъым. Ар гъыбзэми, псоми къахэща лlыхъужьым, фlыуэ ялъэгъуа пщащэм е щlалэм ятеухуами, фэрыщlагъ хэлъу яуцlырхъыртэкъым. Иджы языныкъуэхэм зэращlым хуэдэу, «уэрэд стхынщ» жаlэу тlысрэ зы сыхьэтыпэм псалъэ дахэ зыкъом рифмэрэ ритмкlэ зэхуагъакlуэмэ, уэрэд хъууэ къащыхъуу щытакъым.

Пасэм ятха уэрэдхэр нобэ уасэншэщ, сыту жыпlэмэ адыгэ лъэпкъым и блэкlар нэхъ кууэ абыхэм къыщыгъэлъэгъуа хъурт. Пэжщ, къэрал политикэм зихъуэжри, иужь зэманхэм уэрэдыр къызэрезэгъыным хуэдэурэ щагъэlуаи къэхъуащ. Апхуэдэм и деж мы тхылъыр къэмылэнджэж уэчылу увынущ. Зэрыжаlэщи, тхыгъэу щыlэмэ, дэтхэнэ тхылъым щызэпхъуэкlыжын?!

Хьэзыру дунейм къытехьа мы томитхум фlэкlа Заретэ имылэжьами, фlыщlэ жыг зыхуэфащэхэм я сатырым хэбгъэувэну хуэфащэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlэныгъэ-къэхутакlуэ институтым и архивыр къулейщ адыгэ уэрэдыжьхэмкlэ, абы лэжьэн щыщlидза лъэхъэнэм куэду зэхуахьэсыжауэ. Ахэр псори нэсу цlыхубэм къащыlэрыхьэнур Тхьэм ещlэ, ауэ зыфlэгъэщlэгъуэнхэм ягъуэтынущ. Заретэ а уэрэдхэм хэплъэкlэрэ къищтэу ди пащхьэ мы тхылъымкlэ кърилъхьа «Нартыжь уэрэдыр» сыт и уасэ?! Ар япэ томым ихуащ. А зы уэрэдыр жыlэкlэ тlощlрэ щыуэ щыlэу зи гугъу сщlа архивым хэлъщ. Уэрэдым и хъыбархэм тепсэлъыхькlэрэ, ар лlэщlыгъуэ куэд къызэзынэкlауэ зэрыщытыр хьэкъ пщещl. Езы уэрэдми щыхьэт псалъэхэр къыхощыж. Псалъэм папщlэ, «Дунеижьыр щымыджэмыпцlэмэ, щlылъэ щхъуантlэри щызэпцlагъащlэмэ», - жери кърегъажьэ. Ахэр, дауи, уэрэдыр зыусам и акъыл жанагъкlэ образу къигъэщlагъэнкlи мэхъу, ауэ наlуэщ ныбжьышхуэ зиlэ уэрэдхэм зэращыщыр. Ар жьы дыдэу зэрыщытым и щыхьэтщ, шэч хэмылъу, апхуэдиз вариантклэ зэрызэщхьэщыкlри, лlэщlыгъуэхэм зэlэпахыурэ щхьэж зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр хилъхьэурэ къызэрекlуэкlари. Апхуэдэхэр куэду ихуащ япэ къыдэкlыгъуэм.

Лэжьыгъэ щыхъукlэ, абыи вариант куэд иlэ мэхъу; языныкъуэм и деж Іэхъуэгъуэтегъэкlыу, языныкъуэми егъэлеиныгъэ халъхьэу. Мы тхылъхэм, сэ къызэрызгурыlуамкlэ, музыкэмкlэ щlэныгъэфl зиlэ цlыху елэжьауэ зэрыщытыр къагъэлъэгъуащ. Абы и псэм а Іэщlагъэр хэлъ къудейкъым, атlэ ар лъэпкъым къигъэщlа пшыналъэхэм я фlылъагъуныгъэкlи гъэнщlащ, армырмэ ехъулlэныгъэр мащlэнут. Заретэ зэрызыкъызэкъуихамкlэ, «сытми, тхылъ стхынщ» жиlэу лажьэркъым, атlэ цlыху псоми ягу дыхьэн хуэдэу нэгъэсауэ ахэр игъэпсащ.

Абыкlэ шэсыпlэ уихьэ щlэхъун и куэдщ. Езым и щхьэзакъуэкlэ а Іуэху псори зэфlэкlа зэрымыхъунур къыгурыlуэу, нэгъуэщlхэри къигъэсэбэпащ. Пащlэ Ленэ и деж къыщригъажьэри, адыгэ макъамэм, ди тхыдэм, ди бзэм телажьэ, лъэпкъ Іуэхур зыфlэlуэхуу куэд къыхишащ. Псалъэм папщlэ, музыкальнэ редактору щытщ КъБР и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, композитор цlэрыlуэ Хьэлупэ Джэбрэlил, гъуазджэмкlэ щlэныгъэм и профессор, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэт Ащхъуэт Беслъэн, псалъэхэмкlэ редакторщ бзэ щlэныгъэхэмкlэ доктор Тlымыжь Хьэмыщэ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент Хьэфlыцlэ Мухьэмэд, адыгэбзэ псалъэ гъэпсыкlэхэмкlэ цlыху гумызагъэ Джэрыджэ Арсен, нэгъуэщlхэри.

Совет зэманым тхылъ къыдэгъэкlыныр езы къэралым и пщэ дилъхьэжати, хьэзыр хъуар тхылъ тедзапlэм ирита нэужь, ар зытхар къыщыдэкlынум пэплъэу щыс мыхъумэ, илэжьышхуэ щыlэжтэкъым. Псоми зэращlэщи, тхылъ тедзапlэм щылажьэ редактор нэхъыщхьэм, редакторым, корректорым, нэгъуэщl куэдми я шыбзэ щlэкlа нэужь тхылъыр дунейм къытехьэрт, тыкуэнхэм къыщыхутэжырти зэфlэкlырт. Иджы хуабжьу нэгъуэщl хъуащ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, а псор иджы езы тхылъыр зытхам зэфlигъэкlыжын хуейуэ къыхудокl. Ар куэд зыпыщlа Іуэху хъуащ. Зы лъэныкъуэкlи тыншщ. Тхылъыр къызэрыдэбгъэкlын мылъку уиlэмэ, хъуари мыхъури типографием и зэхуэдэщ, хуэхьи тридзэнущ. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, тхылъым и купщlэмкlэ абы жэуап ихьыркъым, и уасэр ети зэфlокl. Заретэ томитхуу къыдигъэкlа и тхылъым и купщlэкlи, и мыхьэнэкlи дагъуэ щlыхуэпщlыжын щымыlащэу фlы хъуащ. Аращ и къыдэгъэкlыным текlуадэ мылъкумкlи щlигъэкъуэныфlхэри щlигъуэтар. Ди лъэпкъэгъу политик, хьэрычэтыщlэ цlэрыlуэ Къанокъуэ Арсен Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием кърит мылъкум щыщи Заретэ и тхылъым хухахащ, щlэгъэкъуэн хъарзынэу къыщlэкlащ. Апхуэдэ дыдэуи, тхылъыр зэрыщхьэпэр, ар лъэпкъым мыкlуэщlыж и мылъкуу зэрыщытынур къагурыlуэу, къадэlэпыкъуащ Хьэрэдурэ Заурбий Музрач и къуэмрэ Лъэнкlэпlашэ Ларисэ Емзэгъ и пхъумрэ. Мащlэ-куэдми, зыкъыщlэзыгъэкъуа дэтхэнэри гулъытэншэ имыщlауэ езы тхылъхэм къыщигъэлъэгъуэжащ авторым.

Заретэ зэрыжиlэмкlэ, еханэ тхылъри мыгувэу дунейм къытехьэнущ, ауэ ар иужь тхылъу щытыну къысщыхъуркъым. Пыпщэ зэрыхъунум хуэгъэпсащ, сыту жыпlэмэ, уэрэд усыныр сыт зэмани щыlащ, иджыри щыlэнущ, уеблэмэ мыужьыхыж мафlэм хуэдэу ар щытынущ. Лlэщlыгъуэ къэс езым и гъащlэ, и лъэужь щыlэнущ, уэрэдри лъэужьыншэ хъуркъым. Уэрэдылъэ хъуржынри щlэ зимыlэ тхылъ телъыджэу, багъуэ мыхъумэ, хэщl имыlэу псэуну гугъэ къозытщ. Афэрым».

Зыгъэхьэзырар
САНЭ Ринэщ.

Гущэхэпхэ

Іуэтэж

«Шейхъаным» си закъуэ сыщІэтт щэбэтым, гущэхэпхэм и ныбжьэгъур здишэну къытезгъэхьэри, Локъанхэ я пхъум сыІэщІэкІауэ. Пшапэм зэхэуэн щІидзакІэт. Щ1эх зэрыужэгъуну фэ зытемыт зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэт шхапІэм щІэсыжри, блы хъумэ, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ яжесІэн си мураду, интернетым щызэблэзгъэж хъыбархэм я зым сыкъызэфІигъэуващ.

«Сабий къалъхугъащІэр ягъуэтыжыркъым!» Псалъэхэр яхъуэжми, къикІыр зэтехуэу, Іэгъуэблагъэм хъыбарегъэщІапІэу итыр зытепсэлъыхьыр си щыкъум я гущэхэпхэрт. Ныбжьыщ1итІым кърагъэщтар гъуэмылэу яІэщІэслъхьэжри, Локъанхэ щыпсэу къалэкІэмкІэ езгъэзыхащ.

Дыщэ дамэхэр пщІантІэми, хадэми, уэрамми щыпэкІурт. Дэнэкіэ укІуатэми, зэхэпхыр нысащІэм и гъы макърат. Ар къызыщІэІукІ Локъанхэ я сэрей хужьыр къатитІу докІуей, хьэблэм дэт унэхэм я нэхъыбэм ещхьу, дагъыстэн чырбышкІэ къэщІыхьащ. Мыбыхэ ейм иджыри зи блынхэр абджыпс зэмыфэгъум къыхэщІыкІа пырхъуэ кІыхь гуащІыхьыжауэ апхуэдэщи, Данил и щхьэгъусэ Лизэрэ нысащІэмрэ къатІысыхьауэ, къыщІэкІыжыну зыфІэпасэ цІыхубзхэр щыгуІэр абдежырщ.

Иужьрей илъэс щэщІыр депутату езыхьэкІа Локъан Данил и щыпэлъагъу къуэрылъху щІалэм щыгуфІыкІакъым жыпІэмэ, гуэныхь къэпхьынт. Унэ кІуэцІым - нэхъыжьхэм, пщІантІэм - щІалэгъуалэм папщІэ щауэзэда Іэнэхэм нэмыщІ, куэбжэ гупэм къит губгъуэ нэщІышхуэм сабий джэгупІэ лІэужьыгъуэу кърамышэлІа къэнэжатэкъым. Пэрыхьэ-пэрыкІыу щышхэфын хуэдэу, цІыкІухэм Іэнэ хъурей зэмыфэгъу гуп щыхуагъэуват абдежым, темылъ щымыІэрэ шэІумыл зракІута гъэщтылъэхэри яхэгуэшауэ. Ди ныбэ из мэхъу щыжаІэм, шэрыб зэмыфэгъухэр зыкІэрыщІа жьыхулъатэ къащхьэщыхьэри, джэгуалъэ гъэщІэгъуэн гуп къыхуракІутэхащ. Мо цІырушыру гупыр къыщылъэтауэ, щхьэж къыхуэубыдыр къиубыдыну щыхэта а дакъикъэрауэ къыпщыхъурт дунейм и Іэфlыр, апхуэдизкІэ гур хигъахъуэрт я зэрыгъэкІий макъми. Сэ ахэр щыслъэгъуар интернетым къралъхьа видео кІэщІхэрщ. Ахэрат шхапІэм щызэблэзгъэжыр, мы иужьрейр къыкІэлъыкІуэн ипэ. Иджы езы гъащІэри зи къэуэгъуэр къэмыса шэрыб гъэпщауэ къыпфІощІ, и Іэфlми и дахэми дзыхь хуэпщІ мыхъуну. Шхэнкіи джэгункіи зызыгъэнщІа цІыкІухэм я анэхэр къалъыхъуэ. Махуэ псом пщІантІэ кІуэцІым лъагэу щаІэта теувапІэм щызэблэкІа уэрэджыІакІуэхэми, къэфакІуэхэми, гушыІэрейхэми лъэныкъуэ зрагъэз. Цlыхубз уэршэрым къафІыхэкІауэ, нысащІэр къатІысыхьауэ, къыщІэкІыжыну зыфІэпасэ цІыхубзхэр щыгуІэр абдежырщ.

Щыкъум сыкъэкІуэн си жагъуэщ. Ухьэщ1энущи, - умалъхъэщ. Умалъхъэнущи, - ухэгъэрейкъым. Пхъур и закъуэ кІуэжми, узэмызэгъ нэхъей, пудыфэ къытоуэ. Сабийхэр къызэрыдэкІуэтейрэ, щыкъум кІэлъыкІуэн бэлыхьыр нэхъ мащІэ хъуат си дежкІэ, итІани, мис, иджыпсту дауэт сыкъызэрыдэмыхьэнур?

Зи цІэ ятхахэр къыдэкІыжым, хэт лъэсу, хэти машинэкІэ ежьэжурэ, пщІантІэр нэщІ хъуащ. КІуэжынуи хуейуэ, Сабринэ пэмыплъэнри фІэемыкІуу, Камилэ зрилъэфыхьырт. Абы зэхихам тепщІыхьмэ, сабий Іурихар къыщІинэри, нысащІэр Іуэху ищІэну и лъабжьэм къехати, абдежырщ щытеплъэкъукІар.

Камилэ нэзгъэсыжу къэзгъэзэжа нэужь, лІы уэршэрхэм сахыхьащ. УкъэзыгъэуІэбжьрати, ирахьэжьа цІыкІум зыгуэр къыщыщІынкІэ зыри гузавэртэкъым. Гуэщым щагъэува Іэнэхэм я зым езы Данил бгъэдэст, телефонкІэ унафэ зэбгритыкІыу. Гужьеяуи шынауи фэ теттэкъым Хъалид цІыкІу и адэшхуэм, ауэ, пэжыр жысІэмэ, и фэр щынэхъыфІи слъэгъуат.

Зи адэ-анэр иджыри зыщхьэщыт лІы лъэрызехьэм и Іэмыщ1э илът хъуреягъыр. И къуэрылъхур щІрахьэжьари, тобэ ирехъу, абы кърагъэщэхужын папщІэт. УиІэр нэм щІэпІункІэ щызумыгъэнщІкІэ, еуэ, пхузэфІэкІым дегъэплъ, жыхуаІэу.

Нэху щыху угупсысэу ущысми, уи щхьэм къихьэнкІи хъунур хэкІыпІитІым язт: е сабийр къызэрыращэжыну уасэр зыхуэдизыр къыжраІэху поплъэ, е езыр-езыру, хабзэхъумэхэр я гъусэу, къагъуэтыжыну хуожьэ. Зэкіэ зыри къатхатэкъым, лІыкІуи къагъэкІуатэкъым, бзэгузехьи къыкІэщІаутІыпщхьатэкъым. Полицэм я хьэ гъэсам сабийм и лъэужьыр иришажьэ хуэдэу, етІуанэ къатым къехри, пщэфІапІэм игъэзэжащ. «Мэр фІэкІуэдащ», - жаІэ. Сэ гъунапкъэхъумэхэм сахэтащ армэм сыщыщыІэм, хьэ гъэса къыздесшэкІыу. Зыгуэр щыщыІэщ а хьэм и хуэмыхукІэм. Мэр зыфІэкІуэдам апхуэдэукъым зэрызищІыр. Лъэужьым унэм къигъэзэжамэ-щэ? Си

Гущэхэпхэ

Іуэтэж

Іуэху хэлъкъым. Гущэхэпхэм сыкъызэрымыкІуар къысхуэгъуарэ къысхуэмыгъуарэ зэхэкІмэ, деплъынщ. Зыбгъэгубзыгъэкіи, сыт, нанур умыгъуэтыжмэ?

Хъунщ, жейуэ е бжьэф жьэдэлъу пщІантІэм дахащ. Адэкіэ сыт иращІэнур? Сабий цІынэр пхъуантэкъым, машинэкъым, шыкъым, дыщэхэкІкъым, зэман кІуэм мыхьэнэ имыІэу. Псэ Іутщ! Ар гъэшхэн, гъэкъэбзэн, гъэбэуэн, и макъыр гъэпщкІун хуейщ. Ахъшэшхуэ ирату, пцІы тІэкІуи яупсу, нану къалъхугъащІэ зиІэ гуэрым Іэщ1алъхьауэ пщІыми, мазэ иримыкъуа щІалэ цІынэр зейм къыхуэмыцІыхужынри хэлъщ, тхьэмахуитІ хуэдиз дэкІмэ. Бын зимыІэ гуэрым иращэмэ-щэ?

Згъэщ1агъуэри? Къэмыхъупхъэ къыщыхъуам деж, ар зыщІар хэтми, нэхъыбэм ящІэ. Зыри пхуэбзыщІынукъым жысІэнкъым, ауэ лей зезыхьэ псоми абыкІэ загъэщІэгъуэну, «мыр уэтщІэфащ» жаІэну хуейуэ араши, дэгъуэщ, укъыстекІуащ, схуэфащэр къызэпщІащ жепІэмэ, зэфІэкІа си гугъэщ сэ. Данил къыхуэплъ и гур игъэтІысын папщІэ, абы и къуэрылъхур езыхьэжьами, сыт а псэущхьэ къиин цІыкІур зэрищІынур? Ахъшэм нэхърэ нэхъ пфІэІэфІ щымыІэу къащти, тІэкІу уасэшхуэІуэщ абы щхьэкІэ хамэ нану зеплъэфэныр. Мыр зыщІар е хыхьэпІи хэкІыпІи зыщІэ бзаджэжь гуэрщ, игъэпщылІын и куэду, е делэ дыдэщ.

Зыхуагъэфащэм цІэ иІэу къыщІэкІащ. Данил игъащІэ лъандэм гъэсыныпхъэхэр зезыгъакІуэ Іуэхущ1апІэщ щылажьэр. Фо зезыхьэ псоми ещхьу, и Іэпэм ебзеин и хьэлти, апхуэдиз Іэфl уэзэгъынкъым къыжрамыІэу хъуакъым зызэман. Щахэмызагъэм, и экономист щІалэр яІуридзэщ, езым зыкъыхигъэкъэбзыкІыжри, судым къыІэщІэкІауэ щытащ. Щ1алэр къихишыну къигъэгугъэщ, псори зытрыригъалъхьэри, игъэпэжакъым. Цlыху ныбжьым и нэхъыфІыр, насып къэкІуэгъуэр, илъэс тІощІрэ тху-щэщІхэр хьэпсым щрихьэкІащ экономистым. Къазым псы кІэрыпщІэрэ? Нобэми и хьэмтетыгъуэщ Локъаным, илъэс хыщІрэ щы къудейщ зэрыхъуар. Ауэ мазэ зыбжанэ ипэкІэ, щІалэр къаутІыпщыжа хуэдэу си тхьэкІумэм къицырхъа си гугъэжщ. Иджыпсту, мы гузэвэгъуэм и пащхьэм, псори щыму щыс щхьэкІэ, зэгупсысыр арамэ, згъэщІэгъуэнтэкъым.

Зи щхьэ Іэзэу къэзыгъэпцІэжыфхэм я зэхьэзэхуэ ирагъэкІуэкІыу щытамэ, Локъан Данил зыри къыдигъэплъынтэкъым. Арат абы къыщыщІар щІыхуэфащэр. ИтІани, щхьэхуэу Алыхьым къигъэщІа Хъалид цІыкІу сыт и лажьэт, и адэшхуэм лейуэ зэрихьам и уасэр ипшыныжыну? Слъагъу зэрымыхъум хуэдэу, сигу щІэгъурт Сабринэ и дэлъхум. Жызоlэри, къыщыщІар хуэфащэкІэ, хуэфащэт Данил, ауэ ар зи пащхьэм ис дэ гупым тхуэфащэтэкъым апхуэдэ Іуэхукіэ зигу хэщІым дыщІэнэкІэнуи, анэмрэ сабиймрэ зэрымыгъуэтыжауэ зыдгъэпсэхуну.

Пщlэ зиІэ щэхурылажьэхэр къраджауэ, унэри пщІантІэри къапщ, къажыхь, ауэ псори зыпэплъэр къэпсэлъэну телефоным и макъырщ е кърагъэхьыну тхыгъэрщ. «Уасэм къыщІамыгъэлъамэ, арат», - зэхызох. «Сабийм зыри къыщымыщІ щІыкІэ, зэфІэкІарэт».

Локъанхэ я лъапсэм щІыпІитІ-щыкІэ щыхэгуэша видеохэр сэрат яхуфІэзыдзауэ щытар. Щыми еплъауэ жаІэ дыщэ дамэ сымэ. ПщІантІэми, унэ щІыбагъми, унэ кІуэцІми фІэлъхэм зыри я нэ къыщыфІэнакъым. Дырр, Расул! Щытэкъым ахэр зэрыхъур, плІыт! ЕплІанэр дэнэ дежт зыфІэздзар? Унэбгъум! Гъунэгъумрэ Локъанхэрэ я зэхуакум хуэзэ дэкІыпІэ зэвым деж иджыри зы фІэлъын хуейщ. Куэбжэ цІыкІу гуэри хэлъщ абдежым, къыбгъурыт лъапсэм уишэу. Зыми жезмыІэу, видеоплъырыр зыфІэлъ пкъом деж сокІуэ. ЕІусаІакъым! Къыфlызох. КІыфІщ, си Іуэху зэрахуэркъым. Малъхъэр шыдщ, сыт ищІэми, куэдыІуэкъым. Полицэхэм я лэжьэгъуэ пІалъэр яухати, кІуэжащ. Цlыхубзхэр пырхъуэм тесщ, лІыхэм Данил трагъэу.

Сыкъащ1эмэ, хабзэхъумэхэм сагъэкъуэншэн тІэу еплъынукъым: «Следствием щубзыщІащ». ШхапІэр згъэбыдэжынщи, къэзгъэзэжынщ жысІэри, пщІантІэм сыкъыдэкІащ. Дзыхь зыхуэсщІын згъуэттэмэ, езым я деж ущеплъыну нэхъ тыншт, ауэ сыхуейтэкъым пщІэншэу гу зылъезгъэтэну. Нану цІыкІур щІэзыхам, шэч хэмылъу, нэхъ зыхуэсакъын хуейхэр ецІыху, къызэралъыхъуэми кІэлъоплъ. Сытми, «Шейхъаным» секІуэлІэжщ, уэздыгъэр щІэзмыгъанэу, бжэр згъэбыдэри, компьютер зыщІэт пэш цІыкІум видеор щыщІэзгъэнащ.

Щыкъум я гъунэгъухэр зэрысцІыхушхуэ щыІэкъым сэ, сызэплъым къигъэлъагъуэр цІыхубз защІэт. Ерыскъы кърахьэкІ. Тепщэчышхуэм сабий ихуэну? Уэлэхьи, ихуэнум, ауэ къищынущ. Хьэуэ, аракъым! Шхын хьэзырщ къыдахьэри дахыжри. Зыри си нэм къыфІэмынэу, сыздэкІуэн сымыда гущэхэпхэм гу щысхуащ, видеор езгъэжэкІыху. Мис, сабийр дах жыпІэн хуэдэу, зыри къысІэщІэлъэгъуакъым. Ар зыдэхуэн гуфІакІи гъэмахуэм дэнэ къикІын? Блызогъэш, блызогъэш... Дырр, Расул! Зи щІыбагъыр къэгъэза цІыхубз гуэрым щтэІэщтаблэу зиплъыхьурэ, птулъкІэ нэщІхэр зэхуехьэс. ИтІанэ ахэр зрилъхьа къэпыр лъагэу къеІэт Іэ сэмэгумкІи, и нэкІур къыкъуэмыщмэ, нэхъ къищтэу, йоІэбых. Сыт ищІэр? Сумкэр щрахьэжьэкІэ, зэхуащІ хабзэщ. Мыбы ар зэгуегъэж, тІэкІу зэгуепІэж, аргуэру зэгуегъэжыжри, куэбжэ цІыкІумкІэ доущыкІ. И щІыбагъыр къэгъэзащи, кърипцІыхужыкъэм унэбжэр Іуимыхыу, Данэ гуэщым къыпыт псэуалъэм щІохьэри, мэбзэх. Щ1ыунэ иІэу пІэрэ-тІэ? Лъапэрисэу сокІуатэ, сыбгъэдохьэ, содаІуэ. «Дуудэ дыкІуэнущ уэрэ сэрэ иджыпсту, аракъэ, си нэху?» - къоцырхъэ си тхьэкІумэм илъабжьэмкІэ къиІукІ Данэ и макъыр. Ар бауэбапщэу къыдэкІуеижыху, пщІантІэм сызэпрож, лэгъунэ сыщІокІэжри, щыжейуэ зыхуэзгъэфащэ гъуэлъыпІэ зэгуэтым и лъабжьэм сыщІопщхьэ. Бзэрабзэ макъыр гъунэгъу къохъу. Уэздыгъэр щІегъанэ. Мы сабийр армырамэ-щэ? Сыт Данэ и ныбжьэгъу нэхъыфІ дыдэм мы нанур къыщІыфІидыгъунур, ар езы Лизэ имыщІэмэ? ИщІэмэ-щэ?! Данэ теухуауэ зэхэсха закъуэрат гъуэгу сытету зыкъыщІэзгъэшыжар. Мы Хъалид цІыкІу и адэм къыщишам щыгъуэ, Іэнэм тралъхьэну къащэхуа джэд щэ ныкъуэр Лизэ тыкуэн гуэрым игъэІэпхъуэри, дрикъуакъым жыхуиІэу, Данил етІуанэу къригъэщэхужауэ щытащ. Тыкуэныр зейр иджыпсту зи гъуэлъыпІэ лъабжьэм сыщІэлъ мис мы Данэт. Иджы и лІым къыхуищІ дзыхьыр Іэзэу зэзыгъэкІуэкІыф Лизэу къыщІокІ мы тІум я бандэм и нэхъыщхьэр.

ПщэфІапІэм щоІэуэлъауэ. Сабийр игъашхэ си гугъэщ. Аргуэру хущхъуэ иритмэ? Сыкъуэплъыну сытегушхуэркъым. Телефоныр къызох, Сабринэ къитхаІамэ сеплъыну. «Къэкіуэж. Пщэдей къратыжынущ. Мелуанитху къыжраІащ».

Сэ пэж сфІэфІщ. Данил и мелуанитхуми сыщысхьыркъым. Лизэ хуэдэ цІыхубз щхьэгъусэу къыщритакІэ, абы нэгъуэщІ тезыркІэ ухуэхъуэпсэжыну гуэныхьщ. ГъащІэ кІыхь Тхьэм ищІ, сигу тезэгъащ. Ауэ мы Данэ семыпсалъэу схуэшэчынукъым. Си япэ иту Локъанхэ я пщІантІэм дэсхуэнущ иджыпсту, нанур Іэщ1элъу. Сабийри магъ, хуэгъэувыІэ къыщІэкІынкъым. ЖьакІуэу зызгъэлын си мураду, сыкъыщІопщыж гъуэлъыпІэ лъабжьэми, пщэфІапІэмкІэ соунэтІ. Бжэм сытеуІуэну си Іэпэр къыщысІэт дыдэм, нанум и гъы макъым пырхъышхуэ зэрыщІэтыр зэхызох. Махуэ псом псапэ щІэным хущІимыгъэхьа цІыхубз жаным Лизэ къыхуищІа унафэр игъэзащІэри, жеину хуит зищІыжа мыгъуэу арат.

Данэ къэзмыгъэушыну сыхэту, сабийр къызощтэ, унэм къыщІызохри, хадэ кІуэцІкІэ Локъанхэ сокІуэкІыж.

- Дэнэ къыздипхыжар? - сэ къызэмыжа укІуэдыж.

- Хадэм сихьати, гъы макъ щызэхэсхым, лъыхъуэн щІэздзэри къэзгъуэтащ, - яжызоІэ. - Щ1эщтэжу къыфкІэщІадзэжа къыщІэкІынщ.

Сабринэ япэу къоІэбэри, сабийр унэм щІехьэж. ТІуми зыгуэр зэрызэдэтщІэм гу лъатагъэнщ.

- Хэт? - хуэмышэчу къызоупщІ нанум и адэр.

- Уи анэм хуэсакъ! - жызоІэ, зэхэзмыха нэпцІышхуэу. - Гуфlащэмэ, и гум хуэмышэчынри хэлъщ.

Арщхьэкіэ, щІалэр жысІам емылІалІэу, зэанэзэкъуэр зэрызэрыгъуэтыжам еплъыну щІолъэдэж. Сэри зыцкІэ зысфІэмыІеижу, си шэрхъипллым сошэсри, ди уэрамымкІэ дызогъэзей.

ЧЭРИМ Марианнэ.

- Банил! Унэ уиІэмэ, кІуэж, си къуэшыжь! Дыпхуей хъумэ, дыноджэнщ.

- Афэрым, бысым! Укъыдэджэм дыдэпхужу, Тхьэм хъеркІэ дызэкІэлъыгъакІуэ!

Данил и пащхьэм зи щхьэ пщІэ хуэзыщІыж апхуэдэлІ куэд щІауэ щыслъэгъуатэкъым, пэжым ухуеймэ. Абы сигу къызэригъэгъуэтыжри, лІым сыкІэлъыкІуатэщ, апщІондэху Данил иджыри зэ сыІуплъэжыныгур сфІэкІуэдыпэри, сэри машинэм зиздзэжащ.

Сыкіуэжу гъуэгу сыздытетым, Шыдыгъухэ я фызыр щысцІыхур къищІэжыну, си щхьэ куцІыр мэныкъуакъуэ. Дырр, Расул! Къэсщ1эжащ! Машинэр къызоІуэнтІэкІыж, щыкъум сыІуолъэдэжри, Сабринэ унэм къыщІызогъэш. Дэlэпыкъуэгъу симыІэу хъунутэкъыми, щхьэщылъэфауэ си гурыщхъуэхэмкІэ сидэгуашэщ, Данэ темыплъэкъукІыну унафэ быдэ хуэсщІри, сежьащ гъунэгъу лъапсэм сабий цІынэм и лъыхъуакІуэ.

КІыфІ хъуащ. Локъанхэ я хадэ бжыхьым сыщхьэпропщ, итІанэ Данэ ейм сыкъыщохутэ. ПщІантІэм сыдохьэ, унэмкІэ сонунэтІ. И закъуэу псэу цІыхубзым дауэ нану цІыкІу зэригъэпщкІунур? Ар гъынущ, кІиинущ, зэхахынущ. Еджэн ямыух щІыкІэ дэкІуа ди курсэгъу хъыджэбзхэм я сабийхэм зыгъэжеин хущхъуэ ирагъафэурэ накІуэу зэрыщытар къызощІэж.

Лъапсэр щІэсщыкІащ, зыри щыІэкъым.

- Ноклуэж, - къетх Сабринэ.

Сыкъызыкъуэмыщыну нэхъ сызыщыгугъ Іупхъуэ гуэрым и къуагъым сыкъуоувэ. Куэбжэ макъ. Куэбжэмрэ унэмрэ я зэхуакур икІуауэ щыхуэзгъэфащэ дакъикъэм унэбжэр Іуимыхыу, Данэ гуэщым къыпыт псэуалъэм щІохьэри, мэбзэх. Щ1ыунэ иІэу пІэрэ-тІэ? Лъапэрисэу сокІуатэ, сыбгъэдохьэ, содаІуэ. «Дуудэ дыкІуэнущ уэрэ сэрэ иджыпсту, аракъэ, си нэху?» - къоцырхъэ си тхьэкІумэм илъабжьэмкІэ къиІукІ Данэ и макъыр. Ар бауэбапщэу къыдэкІуеижыху, пщІантІэм сызэпрож, лэгъунэ сыщІокІэжри, щыжейуэ зыхуэзгъэфащэ гъуэлъыпІэ зэгуэтым и лъабжьэм сыщІопщхьэ. Бзэрабзэ макъыр гъунэгъу къохъу. Уэздыгъэр щІегъанэ. Мы сабийр армырамэ-щэ? Сыт Данэ и ныбжьэгъу нэхъыфІ дыдэм мы нанур къыщІыфІидыгъунур, ар езы Лизэ имыщІэмэ? ИщІэмэ-щэ?! Данэ теухуауэ зэхэсха закъуэрат гъуэгу сытету зыкъыщІэзгъэшыжар. Мы Хъалид цІыкІу и адэм къыщишам щыгъуэ, Іэнэм тралъхьэну къащэхуа джэд щэ ныкъуэр Лизэ тыкуэн гуэрым игъэІэпхъуэри, дрикъуакъым жыхуиІэу, Данил етІуанэу къригъэщэхужауэ щытащ. Тыкуэныр зейр иджыпсту зи гъуэлъыпІэ лъабжьэм сыщІэлъ мис мы Данэт. Иджы и лІым къыхуищІ дзыхьыр Іэзэу зэзыгъэкІуэкІыф Лизэу къыщІокІ мы тІум я бандэм и нэхъыщхьэр.

ПщэфІапІэм щоІэуэлъауэ. Сабийр игъашхэ си гугъэщ. Аргуэру хущхъуэ иритмэ? Сыкъуэплъыну сытегушхуэркъым. Телефоныр къызох, Сабринэ къитхаІамэ сеплъыну. «Къэкіуэж. Пщэдей къратыжынущ. Мелуанитху къыжраІащ».

Сэ пэж сфІэфІщ. Данил и мелуанитхуми сыщысхьыркъым. Лизэ хуэдэ цІыхубз щхьэгъусэу къыщритакІэ, абы нэгъуэщІ тезыркІэ ухуэхъуэпсэжыну гуэныхьщ. ГъащІэ кІыхь Тхьэм ищІ, сигу тезэгъащ. Ауэ мы Данэ семыпсалъэу схуэшэчынукъым. Си япэ иту Локъанхэ я пщІантІэм дэсхуэнущ иджыпсту, нанур Іэщ1элъу. Сабийри магъ, хуэгъэувыІэ къыщІэкІынкъым. ЖьакІуэу зызгъэлын си мураду, сыкъыщІопщыж гъуэлъыпІэ лъабжьэми, пщэфІапІэмкІэ соунэтІ. Бжэм сытеуІуэну си Іэпэр къыщысІэт дыдэм, нанум и гъы макъым пырхъышхуэ зэрыщІэтыр зэхызох. Махуэ псом псапэ щІэным хущІимыгъэхьа цІыхубз жаным Лизэ къыхуищІа унафэр игъэзащІэри, жеину хуит зищІыжа мыгъуэу арат.

Данэ къэзмыгъэушыну сыхэту, сабийр къызощтэ, унэм къыщІызохри, хадэ кІуэцІкІэ Локъанхэ сокІуэкІыж.

- Дэнэ къыздипхыжар? - сэ къызэмыжа укІуэдыж.

- Хадэм сихьати, гъы макъ щызэхэсхым, лъыхъуэн щІэздзэри къэзгъуэтащ, - яжызоІэ. - Щ1эщтэжу къыфкІэщІадзэжа къыщІэкІынщ.

Сабринэ япэу къоІэбэри, сабийр унэм щІехьэж. ТІуми зыгуэр зэрызэдэтщІэм гу лъатагъэнщ.

- Хэт? - хуэмышэчу къызоупщІ нанум и адэр.

- Уи анэм хуэсакъ! - жызоІэ, зэхэзмыха нэпцІышхуэу. - Гуфlащэмэ, и гум хуэмышэчынри хэлъщ.

Арщхьэкіэ, щІалэр жысІам емылІалІэу, зэанэзэкъуэр зэрызэрыгъуэтыжам еплъыну щІолъэдэж. Сэри зыцкІэ зысфІэмыІеижу, си шэрхъипллым сошэсри, ди уэрамымкІэ дызогъэзей.

ЧЭРИМ Марианнэ.



● Теплъэгъуэхэр

Си адэм къиIуэтэжахэр

- Уэи, абы зэфIэкIышхуэ иIэм, хуабжьу хуэщIащ, мылъкуи бгъэдэлъщ, - жиIащ зылI щхьэкIэ щIалэжьым.

- Акъылу иIэр сыту пIэрэ? – щIэупщIащ ар зыжраIа лIыжьыр.

* * *

- Уа, Хьэмзэт, уи къуэр бригадиру ягъэуващ, Тхьэм хригъэгъахъуэ,- лIыжьыр ягъэгуфIэн я гугъэу жраIащ.

- Уа, тIо, бригадирри хъарзынэщ, ауэ си къуэр пщэдджыжькIэ къэзыгъэушыну хэт ягъэувар? - щIэупщIащ лIыжьыр.

* * *

- А си щIалэ, Къурей кIуэн хуейщ, - жиIэщ хуэм дыдэу лIыжьым, и къуэм зыхуигъазэри, адэкIи дадэр и Iуэху яужь ихьэжащ.

Зы махуэ дэкIауэ къуэр къыдыхьэжри и адэм еупщIащ:

- Уа, си адэ, Къурей сыкIуэри сыкъэкIуэжащ. КIуэн хуейуэ щIыжыпIар сытыт абы?

КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт.

Лыцlыкlулыбжьэ, шыбжий дэгу щlэлъу

● Шхыныгъуэхэр



Нэхъ къызыхащIыкIыр былымылщ. ТхыцIэл щабэр ятхьэщI, ягъэжэпхъри, тыкъыр цIыкIуурэ, г 10 - 15 хъууэрэ, яупщIатэ. Ар тхъу къэплъа зэрыт тебэ куум, градуси 160 - 170-рэ зи пщтырагъым, иралъхьэри псынщIэу зэIащIэурэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ.

МафIэр цIыкIу ящI, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху, шыбжий IэфI халъхьэ, зэIащIэурэ ягъажьэ тхъуэплъ хъуху. Абы и ужькIэ шыбжий сыр хьэжа, шыгъу халъхьэ, шатэ щIакIэ, зэIащIэри тебащхьэр трапIэж, мафIэ ешэхам тету ягъэбэкхъ. Шатэр щIэмывэщIэпауэ щытын хуейщ.

ЗэрызэщIэлъу, пщтыру Iэнэм тепщэчкIэ трагъэувэ. ПIастэ, щIакхъуэ, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): былымылу - г 300, тхъууэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, бжьыныху укъэбзауэ - г 10, шыбжий дэгуу - г 150-рэ, шатэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● ЖыIэгъуэхэр

ПIалъэ къыхигъэкIами, и Iуэхур къикIакъым

♦Псапэ зыщIэфым и насыпщи, насыпкIэ ирикъуаи щыIэкъым.

♦Бланэ щалъху йокIуэлIэж жаIэ, ауэ сыт цIыхум щалъхуар щIихъуэжыр?

♦Хьэрэмыгъэ ишха пэтми, зигъэнщIакъым.

♦ФитIнэ ныбжьэгъу умыщIу, уи нитIыр ищIыж.

♦ПIалъэ къыхигъэкIами, и Iуэхур къикIакъым.

♦Хьэмаскlэм и дзэр илъагъури, хьэмыщэм и кIэр диупщIащ.

♦Хьибгъум ягъэбгъунлъа дыгъужьу зеплъыхь.

♦ХьитIыр зэжьэхолъэ, зэхуодзэлашхэри, арэзыуэ зэбгъэдокIыж.

♦И ныбэм из щхьэкIэ, и насыпылъэр нэщIщ.

♦Хьэ пэтрэ и нэгум уиплъэмэ, мэукIытэри, и напIэр иредзых.

♦Пщащэм игури и псэри яхьэхури, и хуитыныгъэри дагъэкIуащ.

♦Баналъэм лъапцIэу хыхьа нэхъей, долъей.

♦ЕрыскъыкIэ къэпхь псапэр псапэ псом я лейщ: ар жэнэт гъуэмылэщ.

КIУАНТIЭ Iэзид.

● Фэ фщIэрэ?

ЛъыщIэж

Ипэ зэманым щыIа хабзэжьхэм щыщщ. Зыгуэрым ищIэу е имыщIэу цIыху иукIамэ, а иукIам и Iыхьлыхэм зыукIар яукIыжырт. Абы закъримыгъэгъуэтмэ, и къуэш е и унэкъуэщ яукIыжырт.

ЛъыщIэжыпщIэ къан

ЦIыху зэхущытыкIэм епхауэ пасэ зэманым адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэщ. ЛъэпкъитI лъыкIэ бий щызэхуэхъуахэм деж, укIыгъэ къызыIэщIэщIам иукIар зыщыщ унагъуэм и сабий къидыгъурэ къану ипIу щытащ. Хабзэм тету хуэщIапхъэ псори хуищIауэ апхуэдэ къаныр зейм етыжыным «лъыщIэжыпщIэ къанкIэ» еджэрт. А хабзэр лъэпкъитIыр зэрызэкIуж Iуэхугъуэхэм ящыщ зыт.

МащэтIгъашхэ

ЛIам иращIэкI дин хабзэщ. Дунейм ехыжар зралъхьэну мащэр къэзытIахэр щхьэхуэу ягъэтIысрэ ягъашхэу щытащ. Абы «мащэтIгъашхэкIэ» еджэрт. Ди зэманым мащэтIым хэтахэм Iыхьэ гуэрхэр хуащI е ахъшэ ират.

Мэлегъажьэ

Лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъуным ехьэлIауэ адыгэхэм яIа хабзэщ. Гъэмахуэ хъупIэхэм ягъэкIуэну мэл гуартэхэр щрагъажьэкIэ е мэлыхъуэ пщыIэхэр щагъэIэпхъуэкIэ, бжьамий къащтэрти ягъаджэрт. Апхуэдэу щIащIым и щхьэусыгъуэу хуэбгъэфащэ хъунур нэгъуэщI хъушэ гъунэгъуу щыIэмэ, гуартэр зэрыкIуэну гъуэгум пэIэщIэ ирагъэщIынырт, мэлхэр зэхэмыхьэн щхьэкIэ.

● Адыгэ лIакъуэхэр

Абазэхэхэр

Абазэхэхэр курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэ лъэпкъхэм я нэхъ инхэм ящыщ зыуэ щытащ, иджы адыгейкIэ (кIахэ адыгэкIэ) дызэджэм хыхьэ зы гупщ. Пасэ зэманым лъэпкъым и цIыхухэр нэхъыбэу зэлэжьу щытар гъавэ щIэнымрэ Iэщ гъэхъунымрэщ, апхуэдэу абыхэм яIэт жыг хадэ хъарзынэхэри. ЩIым къытрах, Iэщым къыпах хъерымкIэ сату дащIырт я гъунэгъу лъэпкъхэм.

XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм Кавказыр къэгъэIурыщIэным хуэунэтIауэ урысей пащтыхьхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм я зэранкIэ абазэхэхэм ящыщу я лъахэм къинэжар цIыхуу исам и Iыхьэ пщIанэрщ. 1863 гъэм генерал Евдокимовым а лъэпкъым ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ахэр Псыжь Iуфэ и тафэ щIыпIэхэм итIысхьэн е 1864 гъэм и мазаем и 1 пщIондэ Тыркум Iэпхъуэн хуейт. Унафэр зымыдахэр хэкум икIыжащ, адрейхэр къуршым ихьэжащ, ауэ бгыхэми ахэр къахъумэфакъым: щIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ икIуэдыкIащ. 1901 гъэм абазэхэ адыгэу Кубань областым къинэжар цIыху мини 5-м щIигъуртэкъым.

Абазэхэ адыгэхэр нобэ куэд хъужыркъым. Ахэр щопсэу Хьэкуринэхьэблэ, Мамхэгъ жылэхэм (Адыгэ Республикэ). А жылэхэр тIысауэ щытащ 1862 - 1863 гъэхэм, Хуарзэ псыр яку дэжу. 1958 гъэм Хьэкуринэхьэблэрэ Мамхэгърэ зэгуагъэхьэжри, Щоджэнхьэблэ къуажэ къызэрагъэпэщащ. Адыгэ Республикэр къэунэхуа нэужь ахэр зэгуагъэкIыжри, япэм яIа цIэхэр иратыжащ. А жылэхэм щыпсэухэрщ адыгэбзэм и абазэхэ диалектым ирипсалъэхэр.

Ахъшэ хъумапIэм сыщIыхьащ, сожьэ къыщызэджэнум, щхьэгъубжэ Iухьэпlэр къыщыслъысынум. ЩIалитI си зы лъэныкъуэмкIэ щысщ, зыр щыс къудейтэкъым, атIэ, игъэщIеикIауэ шэнтиуэм илъщ.

ФIыуэ зи ныбжь хэкIуэта адыгэ лIыжьыр къыщыIухьэм, сыкъэтэджащ. ТIысыпIэ иIэт куэду, ауэ сыкъыхуэтэджат, хабзэм тету.

«Сиди», - жеIэ лIыжьым. Мыдрей си бгъумкIэ щытIысащ. Къызэпсэлъэн щIедзэри, урысыбзэт. «Сыадыгэщ», - жызоIэ. АрщхьэкIэ «сызэхихыркъым». Езыр зыхуейм урысыбзэкIэ тепсэлъыхьащ, псори иубащ, и чэзур къэсу ираджэху.

Ари сигу къеуауэ мыдэкIэ щылъ щIалэм схуэмышIэу: «Къекlурэ адыгэ щIалэр апхуэдэу мыбдежым ущылъыну?» - жызоIэ.

ЗанщIэу къызэфIэтIысхьащ, къызбгъэдыхьэри: «Къысхуэгъэгъу, ди анэ», - къызжиIащ.

Гуапэт ар зэхэпхыну.

Дахэщ ди щIалэхэр, зыгъэсэн нэхъыжьхэр дымащIэу аращ.

Ди бзэмкIэ дыпсэлъэнукъым, ди ныбжьыр нэсами, ди хъуреягъкIэ щекIуэкIым гу лъыттэнукъым, ди щхьэ Iуэху фIэкIаи къетхуэкIынукъым.

БАГЪ Марьям.


Нэхъыжьыфl здэщыIэм нэхъыщIэфIи щыIэщ

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. И ... бжыхьым ирапхакъым. **3**. ... къимыхьар жьакIэм къихьынкъым. **5**. ... пIэщхьагъ тезагъэрэ? **8**. Къэсшэн ..., сымыгъуэтыр къыздэкIуэнщ. **10**. Бгъэр куэдрэ уэмэ, и ... мэкъутэ. **11**. Дзыгъуэ ... щIымахуэм хуогъэтIылъэ. **12**. ... зытезыгъэгусэм куэдри фIыщIэ ищIынкъым. **15**. Зигу ... Iэмбатэ гъунэр къех. **18**. Мыщэм зыщихъумэурэ ... ихуащ. **19**. ... и гъунэгъу лыр мажьэ.

Къехыу: **1**. Адыгэ ..., урыс насып. **2**. ... зыпыту мышынэ щыIэкъым. **3**. Ар зыхыхьэ ... жэбзэнкъым. **4**. Дзэм иуфэкъуа лъахэрэ ... зыпхыкIа хадэрэ. **5**. Къуалэр лы ... щохуарзэ. **6**. Нэгъабэ къызэуащ, жери ... гъэм магъ. **7**. Хъуэр ... хъуэрыбзэ жумыIэ. **9**. Пщы зи щыпэлъагъум ... къыфIощI. **10**. Адэр ... хуэдэщи, анэр нэм хуэдэщ. **11**. ... нэр ирещI. **13**. ... ишхар дыгъужьым трелъхьэ. **14**. Зыр ... щхьэкIэ, зым зилIэжрэ? **16**. ... и зэран щэм йокI. **17**. Зы ... шкIэщ, етIуанэм жэмщ.

Зэхэзылъхьар **БИЦУ Жаннэщ**.



Жэпуэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Алмэ. **5**. Чысэ. **6**. Пхъы. **7**. Хьэлъкъ. **9**. Тхьэв. **10**. Улахуэ. **13**. КIытэ. **14**. Шатэ. **15**. Пхъужь. **16**. Акъыл. **17**. Къауц.

Къехыу: **1**. Елгъэр. **2**. Аслъэн. **4**. Пхъэлъантхъуэ. **8**. Къаугъэ. **9**. Тхьэгъуш. **11**. Щыпкъэ. **12**. Щтауч.

● ГушыIэ

СыкIуэцIакъуэхьми, содэ

Урысбий лэжьакIуэ къикIыжу унэм здэкIуэжым, тыкуэным къыщIэкIыжа я гъунэгъу фызыр къыхуэзащ.

- Дауэ ущыт, Урысбий?

- Тхьэм уигъэузыншэ! Дыхъарзынэщ, Хьэбибэ.

- Тхьэ, Урысбий, бзэгу зесхьэну сфIэмыфI, ауэ бжезмыIэуи схуэмышэчыну.

- Сытыт, Хьэбибэ?

- Уащримыгъусэм деж, а ныбжьэгъукIэ узэджэ гупым къыпхужаIэр зэхозгъэхащэрэт.

- Уащримыгъусэм деж, жыпIа? Сащримыгъусэм деж, уэлэхьэ, сыкIуэцIакъуэхьми, содэм сэ абыхэм! - и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри ежьэжащ щIалэр.

ДУМЭН Мурадин.

Амырхъан и зэфIэкIхэр

Мы тхыгъэмкIэ фэдгъэцIыхунущ Налшык къалэм и «Олимп» уней школым и 2-нэ классым щеджэ, ментальнэ арифметикэм къызэрымыкIуэ ехъулIэныгъэхэр щызIэ сабий акъылыфIэ ХъуэкIуэн Амырхъан.



ЗИ ныбжьыр илъэсих фIэкIа мыхъу, и адэшхуэм и цIэр зезыхьэ Амырхъан и зэфIэкIхэр узэрыгушхуэнщ. Илъэсищ зэрыхъурэ абы ментальнэ арифметикэм зыщыхуегъасэ акъылым зыщрагъэужь Кампус IQ Iуэхущ1апIэм. И егъэджакIуэр Багъэтыр Залинэщ. Илъэситху щрикъум курыт еджапIэм щIэтIысхьа Амырхъан щэнейрэ щытекIуэну хунэсащ ментальнэ арифметикэмкIэ 2025 гъэм Шэшэным, мы гъэм Дагъыстэнымрэ Налшыкрэ щекIуэкIа урысейпсо олимпиадэхэм. Къызэщ1эпкъуэжмэ, щ1алэ жыджэрым и щIэныгъэм къыпэкIуащ щIыхь тхылъ зыбжанэ, медаль 11, кубоки 5.

- Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ си гъэсэнхэм щIэныгъэкIэ я пашэщ зи зэфIэкIхэмкIэ сыгушхуэ, сыт щыгъуи ехъулIэныгъэм хуэпабгъэ Амырхъан. ФIы дыдэу зэреджэм къыдэкIуэу, ар зэпымыууэ хущIокъу и хъуэпсапIэхэр зэрызригъэхъулIэным, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным, - жеIэ и егъэджакIуэ Багъэтыр Залинэ. Ментальнэ арифметикэм и фIыгъэкIэ, абы курыт еджапIэми гъащIэми ехъулIэныгъэхэр щиIэщ. Гу зылъыстэращи, гукIэ бжэф сабийр сыт щыгъуи и ныбжьэгъухэм зы лъэбакъуэкIэ япэ итынущ. Ипэжыпlэкlэ, Амырхъан и гъащIэри еджэн Iуэхури ментальнэ арифметикэм къыщегъэпсынщIэ.

Амырхъан и анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ уэрсэру, и ныбжьхэм ефIэкIыу ещIэ. Къинэмыщ1ауэ, илъэсиплI зэрыхъурэ инджылызыбзэр, хьэрыпыбзэр, китаибзэр едж. Абы къыдэкIуэу, IэрыщI интеллектымкIэ курсхэр къиухащ, шахмат джэгуми зыхуегъасэ. Умыгъэщ1эгъуэн плъэкIыркъым, сабийхэм яхуэгъэза тхылъхэр мыхъуу, ар балигъ щIэнгъуазэхэм, психологием теухуа къыдэкIыгъуэхэм зэрыдахьэхыр. Есэпымкlэ Амырхъан, дауи, зыдэплъеяр зи Iэщ1агъэкIэ экономист и адэ Хьэзрэилу къыщIэкIынущ. Психологием дезыгъэхьэхар юрист лэжьыгъэм пэрыт и анэ Рузанэщ.

Зыхуеджэну Iэщ1агъэм ущыщIэупщIэкIэ, Амырхъан и фIэщу жеIэ нейрохирург хъуну зэрихъуэпсапIэр. АбыкIэ щ1алэ жыджэрым и щапхъэщ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Москва щылажьэ хирург, и адэ къуэш нэхъыжь Мухьэмэд.

ЗэфIэкI зиIэ Амырхъан хуэдэ щIэблэрщ къэкIуэнур зейр. Ди гуапэщ щ1алэ Iущым и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну, лъэпкъыр, республикэр, къэралыр зэрыгушхуэн щ1алэ цIэрыIуэ къыщIыкIыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ къыддогъуэгурыкIуэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зыщIагъакъуэу, и гуапэ ящIу.

ДИ республикэм и къалащхьэ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ «Адыгэ щэнхабзэм и пшыхь» зыфIащ зэхыхьэ щекIуэкIащ, псапэ щIэным нэхъ тегъэщIауэ.

Концертыр зи жэрдэмыр КъБР-м и Парламентым деж щыIэ Щ1алэгъуалэ палатэм узыншагъэр хъумэнымкIэ, щIыуэпсымрэ туризмэмкIэ и комиссэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм щIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ дэлажьэ гупми Налшык къалэ округым и администрацэм деж щыIэ Щ1алэгъуалэ советми хэт дзэ дохутыр Ерыстау Эмирланщ.

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд иригъэкIуэкIа концертыр зытеухуар узыфэ хьэлъэм пэщIэт Токъмакъ Идар хущхъуэ лъапIэ кърахьэлIэн щхьэкIэ хузэхуахьэс ахъшэм яхузэфIэкI халъхьэнырт. Концертри зыфIэгъэщIэгъуэн, зи цIэ къитIуа ныбжьыщIэм гулъытэ хуэзыщIыну хуей цIыхухэр пэшым щIэзу щызэхуэсат.

Зэхуэсыр зытеухуам и гукъыдэжыр къаIэтырт гъуазджэм и лэжьакIуэ утыкум къихьэхэм, ахэр ныбжьыщIэм къехъуэхъурт и узыншагъэр зэтеувэжыну, мыбдеж щилъагъу теплъэгъуэхэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щыгуфIыкIмэ, жаIэ уэрэдхэр и гум дыхьэмэ зэрагуапэр къыхагъэщырт. Езы Идар цIыкIуи утыкум къихьэ артистхэм Iэгу яхуеуэрт, зэригуапэр къаригъащIэу.

Пшыхьым уэрэд щыжаIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэ хэгъэгухэм щIыхь зиIэ я артист, Шэшэн Республикэм и цIыхубэ артист, актёр, уэрэджыIакIуэ Апэнэс Астемыр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Цокlыл Азэмэт, пшынауэ Иуан Бетlал, уэрэджыIакIуэхэу Мэремкъулхэ Резуанрэ Ибрэхьимрэ.

Шэрджэс Мухьэмэдрэ Бещто Алибекрэ къызэрагъэпэща «Джэгу» къэфакIуэ гупым ягъэзэщIащ «Адыгэ-абхъаз сюитэ» жыхуиIэ теплъэгъуэр. Лъэпкъ Iэмэпсымэхэр зыгъэIэрыхуэ «Бэрэмахуэ» гупым я гъусэу Iуэрыlуатэм щыщ уэрэдыжь жиIащ Мэзло Зауркъан. Артист ныбжьыщIэ Битокъу Увжыкъуэ и гъэсэнхэм ягъэзэщIа «Къэбэрдей къафэ кIыхь», «Талъостэней зэхуэкIуэ къуаншэ», «Бжьэдыгъу къафэ» теплъэгъуэхэри зыхуэдэ щымыIэт...

Зэхуэсым и кIэухьым абы и зэхэшакIуэ Ерыстау Эмирлан къекIуэлIахэмрэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуахэмрэ фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Пшыхьыр дахэу екIуэкIын, екIуу къызэгъэпэща хъун папщIэ гугъу зыкъыздезыгъэхьа дэтхэнэми ину фIыщIэ фхузощI! Псапэ тхуэщIэу, цIыхум зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми дегуэпэкIыфу, зым адрейм зыщIэдгъэкъуэфу дунейм дытетмэ, шэч къытесхьэркъым къэкIуэну дахэ дызэриIэнуми, ди Iуэхур ипэкIэ зэрыкIуэтэнуми, зэрызыдужьынуми. Псалъэжьым зэрыжиIэщи, «Псэм ипэ - напэ». Дызэкъуэтмэ-дылъэщщ! - жиIащ абы.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● Псапэ

Гулъытэрэ дахагъэрэ

Мазибгъум зэфIахам ириплъэжащ

Суд унафэкIэ тезыр зытралъхьахэм ахэр егъэпшынынымкIэ къэрал къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и коллегием 2026 гъэм и мазибгъум я лэжьыгъэм кърикIуахэр щызэхалъхьэжри, адэкIэ нэхъыщхьэу къапэщытхэр яубзыхуащ.



Я ЛЭЖЬЫГЪЭМ и унэтIыныгъэ дэтхэнэми щахузэфIэкIам тепсэлъыхьащ. Гулъытэ хэха хуащIащ хуит ямыщI хьэпшыпхэр тутнакъэщхэм демыгъэхьэным, шэч зыхуащIхэм, ягъэкъуаншэхэмрэ ягъэтIысахэмрэ драгъэкIуэкI гъэсэныгъэ, социальнэ Iуэхухэр егъэфIэкIуэным, я нэIэм щIэт Iуэхущ1апIэхэр лэжьакIуэхэмкIэ, техникэкIэ къызэгъэпэщыным.

Щ1ыналъэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Ковалев Михаил зэрыжиIащи, илъэсыр къызэрихьэрэ телефон Iэмэпсымэу дахьэу къытраххэр процент 27-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ.

- ИтIанэми, сотовэ телефонхэмрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ нэмыщI, наркотикхэкIхэри Iэрагъэхьэну щыхэт щыIэщ. Псори зэхэту апхуэдэу къытраххар грамм 31-м щIигъурт, - жиIащ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковникым. Зэпкърыхауэ къытеувыIащ хабзэм тетынымрэ абы ебакъуэхэр жэуапым ешэлIэнымрэ.

Пенитенциар къулыкъущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Абазэ Аслъэн тепсэлъыхьащ тезырыр езыхьэкIхэр ахъшэ ирату зэрагъэлажьэм, къэрал контрактхэр зэщIылIэным. Къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникым зэрыжиIамкIэ, IэнатIэ зэхуэмыдэхэм щагъэлажьэ ягъэтIысахэм ящыщу 300-м нэблагъэ. Нэгъабэ ебгъапщэмэ, улахуэм процент 14-кIэ хэхъуащ. КъыщIагъэкIа продукцэхэм, ягъэзэщIа лэжьыгъэхэмрэ зэфIаха Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэр сом мелуани 139-м щхьэдэхащ.

Коллегием и кIэухыу щ1ыналъэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым наIуэ ищIащ 2026 гъэм къриубыдэу адэкIэ ягъэзэщIапхъэхэр.

- ЩытыкIэм ди нэIэ тетщ, тезырыр щагъэзэкIуэж Iуэхущ1апIэхэр тэмэму мэлажьэ, - жиIащ Демидов Александр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ГъэпцIакIуэр яубыдащ

Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ илъэс 90 зи ныбжь къалэдэс цIыхубзым. Зэрыжиlамкlэ, мы гъэм и фокIадэм и гъунэгъу унэм щыпсэу и цIыхугъэм сом 13 000 щIыхуэу иритащ, и чэзум къыхуихьыжыну къигъэгугъэри.

МАЗЭ дэкIауэ, щIыхуэ Iызыхар абы и деж кIуэри, сом 5 000 хъу тхылъымпIэ нэпцIу щы къритащ. АдэкIэ и цIыхугъэм и бохъшэм дихащ сом мин 15, ахэри ахъшэ нэпцIхэмкIэ ихъуэжри. Лей зытехьам къызэрагъэпцIар къыгурыIуэри, полицэм зыхуигъэзащ.

Управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар илъэс 44-рэ зи ныбжь налшыкдэсщ.

Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ гъэпцIагъэкIэ зыIэригъэхьа ахъшэр езыр зэрыхуейуэ къызэригъэсэбэпар, пщэрылъ зыщищIахэр игъэзэщIэн муради зэримыIар.

Налшык УМВД-м и ОП №2-м и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «в» пунктым япкъ иткIэ. ЩIыпIэм имыкIыну, хабзэр къызэпимыудыну хуагъэуври Iэ щIрагъэдзащ.

Ялэжьамкlэ заумысыж

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу Красносельскэ къуажэм щаубыдащ наркотикхэр изыгъэкIыу шэч зыхуащIхэр. Ахэр Прохладнэ районым щыпсэу, илъэс 58-рэ зи ныбжь цIыхухъурэ абы и цIыхугъэ, илъэс 43-рэ зи ныбжь цIыхубзрэщ.

ЯУБЫДАХЭР зэрызекIуэ «Лада Гранта» автомашинэм и кIуэцIым къыщагъуэтри къытрахащ прегабалин капсулэу 698-рэ, трамадол таблеткэу 597-рэ, апхуэдэуи тропикамид флакони 6. Экспертизэр щыхьэт зэрытехъуамкIэ, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр псори зэхэту грамм 630-м щIегъу.

Яубыдахэм зэрыжаIамкIэ, ахэр ямыцIыхум деж щызыIэрагъэхьащ, адэкIэ республикэм щрагъэкIын мурад яIэу.

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм и следственнэ Iэнатlэм шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 234-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Зыгъэхьэзырар
БАХЪСЭН Азэмэтщ.

Унафэщl-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.098 • Заказыр №2381

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А